ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№220-221 (22.129) ● 2011 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 23, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

АфІэунэ А. М. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Физическэ щэхабэзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэщхуэм ихІи ильэс куэд хьауэ фІыуэ зэрыла-жьэм папщІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **АфІэунэ Асльэн Мартын и къуэм** - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ и министрым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 17-м
№178-УП

Мэрзалы А. Хь. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Энергетикэ ІэнатІэм къыщихьа екъуІэныгъэхэм, ильэс куэд хьауэ фІыуэ зэрылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Мэрзалы Асльэн Хьэсинбий и къуэм** - Урысей Федерацэм Промышленностымрэ энергетикэмкІэ и министерствэм и «Лукойл» щІыдагъэ компание» акционер обществэ зэІухам и «Лукойл-Ипщэ щІыдагъэхэкІхэр» ООО-м и Налмык къалэм щиІэ гъэсэныпхъэ игъэхъуапІэхэм я комплекс №75-м и менеджерым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налмык къалэ
2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 17-м
№179-УП

КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Къалэн нэхъыщхьэр «аптекэ наркоманиер»-м зиубгъуныр къэмыгъэхъунырщ

КъБР-м Наркотикхэм пэщІэтыныжмкІэ и комиссэм хэтхэр «аптекэ наркоманиер»-м республикэм зэрызыщыубгъуам тепсэлъыхьакІэщ. Абы щыгъуэ зи гугъу ящІар нэм щагъатхкІуэ «Тропикамид» ткІуэпсхэр наркотикым дихьхьэм я лъэнтхуэм хамІу къызэрагъэсэбэныр.

- ВЕДОМСТВЭХЭМ я комиссэ къызэрагъэпэщам и лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ, а Іуэму мыщхьэпэр къызэтрагъэувыІэн ялъэкІаш. АрщхьэкІэ, Урысейм и щІынаІъэ куэдым мы зэманым дезоморфиным зыщыгубгъу. Къэбэрдей-Балькъэрым абы щыдихьхэр машІэми, уримыпІетІуэу кІанэ хьунукъым. Нобэ ди къалэн нэхъыщхьэр - дезоморфиным республикэм зыщыубгъуныр къэмыгъэхъунырц, - жиаш КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Наркотикхэм пэщІэтыныжмкІэ комиссэм и зэІуІэр къыщызэІухыам.

Ведомствэхэм я комиссэм аптекэ 97-рэ кІэнпщытащ ихІи административнэ дэфтэри 7 прокуратурэм игъэхьащ. «Рецептыншэу ямыщэ хущхьэхэкІхэр, цІыхум и гъашІэмрэ и узынщагъэмкІэ шынагъуэ зыпыІэ хущхьэ нэпщІхэр ирагъэкІ зэрымыхьунур къэпщытэныгъэхэр щагъэкІуэкІа зэрымыгъэувам ипкъ иткІэ жэуап зэрахьымкІэ Іуэхущ-ІапІэхэм я унафэщІхэм щыгъуазэ ящІащ. Кульбаевым къызэрыхьэщамкІэ, нэхьыбГу хабзэр къызэпауд зи пІалъэр ихІа е фІагъ зимыІэ хущхьэхэкІхэр щащэкІэ, рецептыншэу щауты-пщкІэ.

АдэкІэ зэІущІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ зи армэ кІуэгъуэ мыхъуа щІалэгъуэалэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэм. Республикэ наркологие диспансерым къызэритамкІэ, наркотикхэкІхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ веществохэмрэ зэзыхьэлІэ щІыкІэм и гугъу щищІым, ар я лэжьыгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящищ зыуэ зэрыщытыр Кульбаевым къыхигъащ.

Республикэм щеІэзэ-профилактикэ, аптекэм и Іуэхущ-ІапІэ хэу 30-м къэпщытэныгъэхэр 2011 гъэм щрагъэкІуэкІащ ихІи ялынкъуэ хущхьэуэхэкІхэр щаутыпщкІэ, хабзэр къызэпауду къыщІагъэщащ. Къэпщытэныгъэхэм кьрикІуэхэмкІэ а ныкъуэсаныгъэхэр и чэзум ягъэзэкІуэжьным, хабзэм къызэригъэувым ипкъ иткІэ жэуап зэрахьымкІэ Іуэхущ-ІапІэхэм я унафэщІхэр щыгъуазэ ящІащ. Кульбаевым къызэрыхьэщамкІэ, нэхьыбГу хабзэр къызэпауд зи пІалъэр ихІа е фІагъ зимыІэ хущхьэхэкІхэр щащэкІэ, рецептыншэу щауты-пщкІэ.

АдэкІэ зэІущІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ зи армэ кІуэгъуэ мыхъуа щІалэгъуэалэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэм. Республикэ наркологие диспансерым къызэритамкІэ, наркотикхэкІхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ веществохэмрэ зэзыхьэлІэ щІыкІэм и гугъу щищІым, ар я лэжьыгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящищ зыуэ зэрыщытыр Кульбаевым къыхигъащ.

Республикэм щеІэзэ-профилактикэ, аптекэм и Іуэхущ-ІапІэ хэу 30-м къэпщытэныгъэхэр 2011 гъэм щрагъэкІуэкІащ ихІи ялынкъуэ хущхьэуэхэкІхэр щаутыпщ-

КъБР-м и егъэджэныгъэ ІэнатІэхэм нарк оІуэхущІапІэм и лэжьакІуэхэр егъэІэпІаІуэ зэрыщытри зэІущІэм къыщыхагъэщащ. УФ-м и ФСКН-м и Іуэхущ-ІапІэу КъБР-м щыІэм 2011 - 2012 гъэ еджэгъуэм зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэ республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэу 5-м зэрырищІылаІам, щІалэгъуалэм я нэгузегъэужьыпІэкІэ къызэрапщытэми къытеуВыІащ.

ЗэІущІэм и кІэухым Наркотикым пэщІэтыныжмкІэ къэрал комитету КИФЩ-м щыІэм и аппаратым и управленэм и унафэщІ полицэм и полковник Горьков Игорь Урысей ФСКН-м и ІэтащІхэм къалэн къызэрыщищІам тету, ведомствэм и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы - «Наркотикым кІэтыпльныжмкІэ ІэнатІэхэм зэрадэлажьэм папщІэ» медаль - КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен иритащ.

СУАНОВЭ Залинэ.
Урысей ФСКН-м и Іуэхущ-ІапІэ КъБР-м щыІэм и пресс-ІэнатІэм и лэжьакІуэ.

Къэнэфи ЩІалыгъэр

Япэ еджэгъуэкІэ

УФ-м и Кърал Думэм япэ еджэгъуэкІэ щыхэпльащ Урысейм 2012 гъэм, апхуэдэу ильэсищым тещІыхьа и кърал бюджетым и проектым.

Абы щыубзыхуащ етІанэгъэ инфляцэр проценти 6-м фІымыкІыну, зы щІыдагъэ барреллр долларищ хэздиз и уэсну.

Апхуэдэ дыдэу зыхьымэжьынигъэ ІэнатІэм, псэуныгъэ Іуэхуэхэм ахъшэшхэу хухахынуКъагъэгъэгъэ.

Гъуэгущ1Іэм зихъуэжьинукъым

Мы зэманым Москва дэжьапщІэ нэхъ мащІэ дыдэр хэм мин 11,300-рэ щохъу. ЕтІанэгъэ и мазаем а бжыгъэр сом мин 11,600-м нэсынущ. Апхуэдэ бжыгъэхэр кьнаш Москва и мэрием.

Іуэжьрей хьыбарым кІалащхьэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ нэхъ щыгуфІыкІынщ: етІанэгъэ метром зэрыщыкІэкІуэ уасэм хагъэхьуэнукъым. Абы щыгъуэми, метрополитеным и тІелъэхэр сыт и лъэныкъуэкІи кьагъэщІэрэщІэнущ. ЩІыхуэм нэхъ тынышгъуэ нэхъыбГэ яІэн папщІэ абы щІэтыжьынукъым сату щащІ щІыпІэхэр.

Мы зэманым метром и ваГонхэмкІэ къызэрыщащІухьа билетыр сом 28-рэ и уасэщ.

ЩІытыкІэр щызэщІопльэ

Политикэм кьалытэ Сирием и президент Асад Башар и къулыкъым текІыным мыгувэу врахулІэну. Къралым щыщыІэ щытыкІэр зэщІэнъэзэпытщ. Абы къару зэмылІуэжьыгъуэхэр хуэабжьу щызэпищІуащ.

Пэжщ, езы Асад Башар зэкІэ апхуэдэу къилытэркъым. Вэсэмахуэ абы журналистхэм яжриІащ имыкІуэтыну.

КъаутІыпщыжыну кьагъэув

Дыгъуасэ Лукъяевские лъэхъэуэщым и деж пэкІу щрагъэжьуэкІащ.

Украинэм и правительствэм и унафэщІу щыта Тимошенкэ Юлие кьаутІыпщыжыну кызэхуэсахэм кьагъэув.

♦ Ильэс 305-рэ и пэкІэ (1706) Калиш и деж шведхэм зэращытекІуам и щІыхькІэ Петр Езэнэм и унафэкІэ Санкт-Петербург и унэхэм я гупэхэм япэ дыдэу уэздыгъэхэр щыщІагъэнащ.

♦ Ильэсэ 10 и пэкІэ (2001) Санкт-Петербург щекІуэкІащ Евразие экономикэ зэгухэныгъэм и парламент асамблеем и апэ зэІущІэр.

♦ Ильэс 50 и пэкІэ (1961) зэфІагъэувэжащ СССР-мрэ Бразилиемрэ я дипломат зэныщІэныгъэхэр (1945 гъэм зэхуагъэуври, 1947 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м кьызэпаудауэ щытащ).

♦ ЩэкІуэгъуэм и 23 - 24-хэм Москва щекІуэкІынущ Урысейм и финансистхэм я зэІущІэшхэр.

♦ ЩэкІуэгъуэм и 23 - 25-хэм Москва щыІэнущ терапевтхэм я VI Лъэпкъ конгрессыр.

♦ ЩэкІуэгъуэм и 23 - 26-хэм Бакуу щекІуэкІынущ Телекоммуникацэхэм я 17-нэ дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэр.

♦ Ильэс 70 и пэкІэ (1941) хэкІуэдащ Хэку зауэшхуэм и зэманым партизан зэщІэхьееныгъэм хэта, Совет Союзым и Лыхьужь (1942 гъэм фІащащ зэрымпсэужу) Чайкин Лиэз (1918 - 1941).

ПІалэгъэр зыхьэхъэрыр
ШАЛ Мухьэмэд.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Ильэс Іуэху къэщтэжьыгъуейщ.

Сом мелуан 11-м щІигъу

АДЫГЕЙ. *Урысейм и Пенсэ фондым щІельэІуа сом мелуан 11-рэ мин 300-р республикэм и правительствэм къыхунутІыпІыну. Ар гъатхэм щыІа псыхэм и зэрал зэкІахэм трагуэшэнуц.*

ЩЭКІУЭГЪУЭМ и кІэм - дыгъэгъаззэм и пэщІэдзэм ахъшэр республикэм къыІэрыхьэнуц. Пенсионер 1130-м щыщу 1056-м сом мин пщІырыпщІ иратынущ, адрей 74-м ипэкІэ яІэрыхьауэ щыта ахъшэм (дэтхэнэми сом мини 7,6-рэ) сом мини 2,4-рэ хущІагъэужынущ.

Ильэсыщ1Іэ псейм макІуэ

Дыгъэгъаззэм и 25-м Мэзкуу щыІэ Кремлым и уардэуэнэм щекІуэкІыну И лъэсыщІэ махуэшхуэм кІуэну зи кІэн кьикІахэм Мейкъуапэ щыщ сабий 7 хэхуащ.

АХЭР еджэным щыпэрыт, олимпиадэхэм щытекІуа, физкультурэмрэ спортымрэ кьыщыхэжаныкІа, зи зэфІэкІыр къэзыгъэлъэгъуа сурэтыщІ, музыкант школакІуэхэрщ. Урысейм и Илъэсыщ1Іэ псей нэхъыщхьэм хэтынущ 4 - 8-нэ классым щеджэ ныбжьыщІэхэр.

Зэгъэпэщ1ыжыныгъэм щ1Адзэ

АБХЪАЗ *Сыхьум и Барсие уэрамым тет къат куэд хьу уиэр зэгъэпэщыжьным щІадзащ. Сантиметр 90-кІэ ещІа уиэр зэпэщ щІыжьным еувалІащ Абхъазым щыщІэрыІуэ Ипщэ ухуахІуэ компаниер (ЮСК).*

ІЭЩІАГЪЭЛІХЭМ зэрыжаІэмкІэ, зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэр ильэситІым зэфІагъэкІыну я мурадщ ихІи «унэ Іуцэм» щыпсэухэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей ухуэзэжьа псэупІэ шынагъуэншэм 2013 гъэм и кІэм щІэтІысхьэжьфынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Электрокъарум и уасэр зэрагъэув хабзэщІэхэм топсэлъыхь

Иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым и Президиумым иригъэкІуэкІа зэІущІэм депутатхэр щытепсэлъыхьащ «Розницэ рынокым электрокъарур щызыщэхэмрэ ар кьэзыгъэсэбэпхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр гъэтэмэмын мурадкІэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и язныкъуэ актхэм зэхъуэкІныныгъэхэр хэльхьным и ІуэхукІэ» 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 4-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыдигъэкІа Унафэ №877-м. Абы теухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэльащ КъБР-м Тарифхэмрэ энергетикэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІ Уэлджыр Жыраслъэн.

Унафэ №877-м кьеГэуэ электрокъарур зыщІэхэм хэІущІыІу ящІ информацэм 2011 гъэм дыгъэгъаззэм и 1-м щегъэжьауэ зрагъэубгъун хуейуэ. ЗэхъуэкІныныгъэхэм ящыщ Іыхьэ щхьэхуэр зыгтеуХуэр киловатт-ампер 750-м нэс кьаруэ зиІэ Іэмэпсымэхэр электролинэхэм зэрыпащІэ щыкІэрщ. ДяпэкІэ абы кьриуфыдзэу электрокъарур кьэзыгъэсэбэпхэм ахъшэ иратэпшынынукъым кьагъэсэбэпа электрокъарур зэгурыІуэныгъэм итым зэрыщІигъум е абы зэрынэмысым папщІэ. Абыхэм ахьшэ зэратынур электрокъарур кьыщэрапщ Іэмэпсымэм зыхуэфащэ зэманым кьрифыбдэу кьитГэлъэгъуам тетущ. 2012 гъэм мэлыхьыкьым и 1-м щыщІэдзауэ щыІэжьынкьым электрокъарур кьэзыгъэсэбэпхэр гупкІэрэ зэрызэхадзыр. А махуэм щегъэжьауэ организацэхэм электрокъарум и уасэр, ар кьэгъэсэбэпныжмкІэ графикым темыщІыхьауэ, курыт уасэхэм т егу ятынущ. Апхуэдэу электрокъарур зыщэ компаниехэм абы и кІэух розницэ уасэм хатхэну хуиткьым зыхуэфащэ зэгурыІуэныгъэхэм япкъ иткІэ кьащэхуа энергием и уасэр, ар опт рынокым щызекІуэм нэхьрэ нэхъ льагэу щытмэ.

Президиумым хэтхэм кьызэралытамкІэ, мы унафэр сэбэп хьунущ электрокъарум и уасэр кьыщэрыІахьр гъэтэмэныжмкІэ. Апхуэдэу абы я фейдэ хэльщ унагъуэхэмрэ хьэрычэт Іуэхущ-ІапІэ мыинхэмрэ.

Чеченов Ануар кьыхигъэщхьэхукІащ электроэнергетикэм и ІэнатІэм реформэхэр щегъэжьауэ кьыщыкІэ унафэр сэбэп зэрыхьунур. ЗэхъуэкІныныгъэр япэм электрокъарур зыщэхэм я Іуэхур дэгъэкІыным нэхъ хуэунэтІауэ щытамэ, иджы мы унафэм япэ иригъэщІыр электрокъарур кьэзыгъэсэбэпхэм я Іуэхур кьащыгъэпсынщІэныщ. «Щыхуэхэм уетхьэкъу, ахьшэ лей кьеІыпх зэрымыхъунур законкІэ щІагъэбыдащ ихІи апхуэдэ мардэ кьыщэращам мыхьэнэшхуэ иІэщ. Уасэкэр зэрагъэувыр нэхъ урыІуэгъэ зэрыхьэм кьыхэкІыу, электрокъарурн нэхъ зэгъэуІуауэ, зэгъэззэхуауэ кьагъэсэбэпныжмкІэ Іэмалхэр щыІэ хъуащ», - жиІащ спикерым.

ХъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьызэратамкІэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Путин Владимир кьигъэуващ электрокъарум и розницэ рынокым и лэжьыгъэр кьыщэрызэрагъэпэщ унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм я проектыр 2012 гъэм гъатхэпэм и 20-м ирихьэлІэу яГъэхьэзырыну . КьыщэрыльэмкІэ, а документым щэхуакІуэхэм я хуитныныгъэхэр иубзыхунущ. Электрокъарур кьэзыщэхухэм Іэмал яГуэутынущ энергиер зыщэ компаниер езыхэм зэрафІэфым хуэдэу кьыхахьныжмкІэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

●Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Шынагъуэншэу лэжьэн

КъБР-м Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэкІэ и министерствэм лжьыгъэр хъумэным теухуа республикэ комиссэ зэгуэным и зэІущІэ щекІуэкІащ. Абы хэтащ министерствэ зыбжанэм я лІыкІуэхэр.

АВТОМОБИЛЬ транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмрэ я Іуэхущ1апІэхэм щынагъуэншэу лэжьэным и Іуэхур зэрыщыытеухуам тепсэлъыхьащ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщІ Головатенкэ Аннэ.

Абы кьыхигъэщхьэхуКІащ а Іуэхущ1апІэхэм щынагъуэншэу щылэжьэным и хабзэхэр зэрыщагъэзащІэр ихІи мы Іуэхур жылагъуэм кІэлъыплъныгъэм зэрыщІагъэувар. АрщхьэкІэ, мыбын хабзэхэр кьыщыгъэпаудкьохуэ.

Апхуэдэу зэІущІэм кьыщыпсэльащ КъБР-м Хуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэ Узденовым Мурат, Роспотребнадзорым и ІлыкІуэ Валиев Шэхьид, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Головачев Николай сымэ.

ЦЕКЪУПІатІ.

●Тхылъыщ1Іэ

Сыт Бицу Анатолэ зыщІэхъуэпсыр?

УсакІуэхэр лІэужьыгъуитІу егуэш: усакІуэ нэпцІыкІэмрэ усакІуэ нэсхэмрэ. Ящэхэр, поэзием хэльын хуей мафІэр я тхыгъэм хэмылъ пэтми, щхьэхуещагъэм и Іэмал псори къагъэсэбэнурэ, яхуэмыфащэ къагапІэм яфІыдокІ. АрщхьэкІэ ПІалъэкІэщ зэрытетыфыр.

УСАКІУЭ нэсхэр аракъым. Ахэр цІыхугум къоощхыдыкІ, цІыхум и гуауэми и гуфІэгъуэми поджэж, я псэм и мафІэкІэ цІыхупсэр ягъэхуагъэ. А мафІэм езы къызыбгъэдэкІыр исми, абы и бзийхэр гуапэщ зезыгъэухэм джекІэ. А гуапагъэм лъагъуныгъэшхуэ кьегъэщІ. Ахэращ бэм игъэлъапІэр. Апхуэдэр езы цІыхуэхэм яІэтри, поэзием и Іуащхьэ щыгум трагъэувэ, игъащІэ псокІэ тетыну. Акъыл жанрэ гурыщІэ куукІэ, псэ къабзэрэ гу пщІанэкІэ, нэхъыщхьэраци, зэчиягъэкІэ Тхьэр зыхуэупса закъуэтІакъуэрщ апхуэдэ насып зыгъэнэхуфыр. А закъуэтІакъуэм, щэч хэмылъу, ящыщщ усакІуэ Бицу Анатолэ.

ЦІыхум акъылкІэ къыгуроІуэ гъащІэм и хабзэ пхэнжэхэр тыншу зэрыпхуэмыхъужьнур. ЦІыхупсэр абы арэзы техьуэфыркъыми, псысэ кьегупсыс. Псэ хейхэм я хеиж усакІуэми иІэжщ езым и дуней, дахагъэу щыІэмкІэ гъэнщІауэ. И гум къыщрихьэкІ дуней телъыджэм ещхь мы дызытет дуней нэмыщІысагъ ищІынырщ дэтхэнэ усакІуэ нэсми и хъуэпсапІэр. Аращ Бицури зыщІэхъуэпсыр.

Иджыблагъэ дунейм кьытехьа мы тхылъым щызэхуэхьэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомол саугъэтым и лауреат, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Бицу Анатолэ и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа тхыгъэхэр. Апхуэдэж ещхь итщ Толэ и усыгъэ нэхъыфІхэр. «Мы гъащІэм и Іуащ1эр хьэлэмэтщ» тхылъыр «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм кьыщыдэкІащ.

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ.



Гулъытэм хохъуэ

Хуэмыщ1ауэ псаухэм защІэгъэкъуэныжмкІэ Налшык щыІэ центрым къыгъэщІылІа унагъуэхэм хуащІ гулъытэм хэхъуэ зэпытщ.

ІУЭХУТХЬЭБЗЭ зыхущІэхэм хиубыдэ бынунагъуэшхуэхэм, хуэмыщІауэ псэухэм, ныкъуэдыкъуагъэ ябгъэдэлъу зи закъуэу къэнахэм, сабий зеинщэхэм ящыщу 375-м мы махуэхэм ерыскъыхэкІ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ япэІэбащ. Центрым и лэжьакІуэхэм зэпыжаІэмкІэ, апхуэдэ псапащІэ Іуэхухэр щІэх-щІэхыпэ ирагъэкІуэкІ. Абыхэм мыбэлэрыгъыу яГъэбелджьалы Іуэхутхьбзэзэрэ дэІэпыкъуэгъуэ хуэныкъуэу нэхъапэм апхуэдэ гулъытэ зымыгъуэта цІыху щхьэхуэхэмрэ унагъуэхэмрэ. КъимыдэкІэ, мы Іуэхущ1апІэм къаІэн зыщищІащ зи пенсэр мащІэхэми защІигъэкъуэныр. Мы гъэм кьриубыдэу апхуэдэхэм хиубыдэу кьалытэ цІыху 99-м кІэртІофрэ бжьынрэ иратащ.

Социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ центрым къаІэдэсхэм яхущІэ Іуэхутхьбзэм хыхьэу, зыхуэзфІэмыкІыж, зи закъуэу къэнэ нэхъыжьхэм я Іуэху зытетым кІэлъоплъ, абыхэм я пэшхэр хуэзэрахьэ, хуэзэлъыІуах, яхуэжьыщІэ, зи лъэ зэримыхьажэр зыхуеину хущхъуэхэр, ерыскъыхэкІхэр къэщэхунымкІэ ядоІэпыкъу.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

«Адыгэ псалъэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2012 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м *№626-рп*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и лIыкIуэхэу социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр зэблэгъэкIынымкIэ лъэныкъуищ зыхыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр комиссэм хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм мазаем и 1-м къыдигъэкIа Унафэ №24-рп-мкIэ къиштам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и лIыкIуэхэм хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Уянаев К. Хь. - М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыбгъэдэкI лъэныкъуэм и зэгъэуIуакIуэщ)

Мамий А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министрыр

Шипов В. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, связымрэ информатизацэмкIэ и министрыр;

б) Сунш А. А. и иджырей къулыкъум зэреджэр тхын - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкIэ и министрыр;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и лIыкIуэхэм къыхэгъэкIыжын Гертер И. К., Евтушенкэ С. В., Къультырбей Хь. М. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ УЯНАЕВ Казым

●Сытхэр уи псэукIэ, къуажэ?

Шордакъым и нобэр

Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Шордакъ къуажэр 1925 гъэм Сэрмакъ иIэпхъукIахэм яухуауэ щытащ. «Шордакъ»-р къызытехъукIар бгым и цIэрщ, «лъагапIэ» жиIэу аращ. Куейм япэу Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь щыхъуа Бакъ Нэрзан и унафэм щIэту къуажэм ехъулIэныгъэфIхэр иIащ. Колхозри ефIакIуэрт, псэуныгъэри зэIузэпэщт...

Ноби а щытыкIэфIым иту пIэрэ Шордакъыр? Абы зыщыдгъэгъуэзэну дэ дыIущIащ къуажэ администрацэм и унафэщI Дол Мухьэмэд, апхуэдэуи абы щыпсэу нэгъуэщIхэми депсэлъылIащ.

ШОРДАКЪ иджыпсту унагъуэ 342-рэ дэсщ, цIыху 1700-рэ щопсэу. Абыхэм ящыщу IэнатIэ Iутыр цIыху 290-рщ, лэжьэфыну 500-р IэнатIэншэщ. Курыт еджапIэ, сабий гъэсапIэ, амбулаторэ, сату щIыпIэу 10 дэтщ.

- ЩIыуэ гектар 3900-рэ диIэщи, абы щыщу гектар 2000-р гъавэ щIапIэщ. «IуащхьэмахуЭ» ООО-м гектар 430-рэ иIыгъщи, цIыху 20-м нэблагъэ абы щолажьэ. Нэхъыбэу хьэ, гуэдз, нартыху хасэ, хадэхэкIхэм ящыщу жэгундэ, пхъы, кIэртIоф ягъэкI, - жеIэ Дол Мухьэмэд. - Бэджэндырылажьэу 42-рэ диIэщ, фермер хозяйствэу 20 мэлажьэ. БжэныкIэ Рэмэзан гектар 70 бэджэнду къиштауэ кIэртIофым йолэжь, къищынэмыщIауэ, иджырей мардэхэм езэгъыу тонн 3500-рэ зыщIэхуэ хадэхэкI хъумапIэ ищIащ - ар къуажэм и дежкIэ икъукIэ IуэхугъуэфIщ. Iэщ гъэхъуным жыджэру хэтщ Жырыкъ Марат. Абы МТФ-м и унэу щытар бэджэнду иIыгъщ, Iэщ 200-м нэблагъэ егъашхэ. ХъупIэу гектари 190-рэ абы къуажэ администрацэм хухихащ. Апхуэдэу, Есэнкъул Сулеймэн Iэщ гъэхъуным хэтщ, щIыуэ гектари 170-рэ иIыгъщ. Сату Iуэхум хэт хьэрычэтыщIэхэу 58-рэ диIэщ.

Псым и Iуэхур къызэрегъэпэщ къуажэм щылажьэ «Исток» ООО-м. Мы зэманым абонент 1200-м псы яIэщ. Нэхъ ищхьэмкIэ щыIэ, лъагапIэм тес унагъуэ тIощIым щIигъум псы ялъэIэстэкъыми, ар ягъэзэкIуэжын папщIэ проект ягъэхьэзыращ. Абы 2012 гъэм сом мелуани 7-рэ мин 300-рэ текIуэдэнущ икIи лажьэу яутIыпщынущ.

Къуажэдэсхэр иджыпсту нэхъ дызыгъэпIейтейр школым и Iуэхурщ. Ар 1962 гъэм яухуа унэщ, сабийхэр зэрыщIэмыхуэм къыхэкIкIэ, сменитIу еджэн хуей мэхъу. Апхуэдэ щытыкIэр еджакIуэ цIыкIухэм къохьэлъэкI. Абы къыхэкIыу, сабий 60 зыщIэхуэну унэ школым пащIыхьынущ.

2012 гъэм амбулаторэм и унэщIэ яухуэн щIадзэнущ. ЩэнхабзэмкIэ унэри зэрагъэпэщыжын хуейуэ къапэщытщ. Къуажэм Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэр къызэрыщимыубыдым щхьэкIэ, иджыпсту антеннэщIэ ягъэув.

Шордакъ щIалэгъуалэм хуащI гулъытэм и гугъу къытхуищIащ курыт еджапIэм и унафэщI Щэрдэн Ритэ.

- Ди щIэблэм сыт щыгъуи ди нэIэ зэрытедгъэтыным иужь дитщ. Сабий 208-рэ щIэсщ ди курыт еджапIэми, абыхэм я гъэсэныгъэм кIэлъоплъ егъэджакIуэхэри, адэ-анэхэри, къуажэ администрацэри, - жеIэ абы. ЗэщIыгъуу узэдэлажьэмэ, нэхъыбэ пхузэфIэкIынущ. Гупжьей куэд къызыдогъэпэщ, театр студием щыдогъэгъуазэ - сабийм и зыужьыныгъэмкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкIэ ныбжьыщIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр ... ди лъэпкъ... пользэщ. Ауэ нэхъ дызыгъэпIейтейр компьютерхэращ. Апхуэдэу 10 диIэщ, арщхьэкIэ, ахэр жьы хъуащ, фIыуэ лажьэркъым. ГъащIэр гугъуми, дыхущIокъу псэуныгъэр бэлутIэIуншу етхьэлэну. Псом нэхъыщхьэу, ди гупсэр, ди цIыхухэм я къару псори зэкъэлэр ди щIалэгъуалэращ.

Шордакъ дэтщ эфир дагъэ къыщыщIагъэкI цех. Ар егъэлажьэ «Атлас» ООО-м. Ар къызэрыунэхуэр мазэ хъуэ аращ.

- Кориандр дагъэр къыщагъэсэбэп парфюмерием. Ар къызыхэтх сырьер Ставрополь, Краснодар крайхэм къыдош, - жеIэ цехым и инженер нэхъыщхьэ Къущхьэ Альберт. - Кориандр жылэу зы тонным дагъэу килограмм 20 къуэт. Ящэ дыдэу ди продукцэр зы тонным нэхъыбэу Париж едгъэшащ. АдэкIэ ди Iуэхур зэрыхуэм депльынщ, иджыпсту цехым щылажьэр цIыху 10-щ, производствэм зэдгъэгъуну ди мурадщ, цIыху нэхъыбэ къетшэлIэнущ.

Шордакъдэсхэм мурадыфI я куэдщ, ди гупсэ абыхэм ахэр къайхъулIэну.

БАГЪЭТЫР Лунэ.

●Хэхыныгъэхэр-2011

ЦIыхухэр ирагъэблагъэ

Атмурзаевэ Иринэ

УФ-м и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр дыгъэгъазэм и 4-м хахынущ.

Мы зэманым абы хуабжьу егугъуу зыхуагъэхьэзыр. ЗэфIагъэкIа лэжьыгъэм топсэлъыхь Къэбэрдей-Балъкъэрым и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь Атмурзаевэ Иринэ.

- ПСОМ ЯПЭУ къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм хэтхэм я кIэлъыплъыныгъэм щIэту Iэ зэраIэтыну бюллетень мин 531-рэ «Тетраграф» ООО-м зэрыщагъэхьэзырар. ЩэкIуэгъуэм и 18-м ахэр республикэм и хэхакIуэ комиссэм къыIэрыхьащ, иджы щIыналъэ ХэхакIуэ комиссэхэм ират.

Республикэм участкэ хэхакIуэ комиссэхэу 356-рэ къыщызэрагъэпэщащ. Абыхэм я къалэнщ хэхакIуэхэм я спискэхэр гъэтэмэмыным егъэщIылIа лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIыну. ХэхакIуэхэм Iэмал яIэщ спискэхэм щыгъуазэ защIын папщIэ хэхыпIэ участкэм екIуэлIэну икIи езыхэм ятеухуауэ абы иратха хъыбархэм я тэмэмагъыр зэхагъэкIыну. Урысей Федерацэм и цIыхухэу Iэ яIэтыну хуитыныгъэ зиIэ хэм участкэ хэхакIуэ комиссэм зыхуагъазэ хъунущ езыхэр хэхакIуэхэм я спискэм хагъэхьэну къагъэзуву, апхуэдэу езыхэм ятеухуауэ спискэм хагъэхьа хъыбархэм ятеухуа сыт хуэдэ мытэмэмагъри ирагъэ лъагъуну. Сыхьэт 24-м, Iэ щаIэт махуэм сыхьэти 2-м къриубыдэу, ауэ Iэ щаIэт зэманыр имыухыу участкэ хэхакIуэ комиссэм и къалэнщ зыкъыхэзыгъэзам жилакэр, къихьа тхылъхэр къыщIэтыну икIи щыуагъэ е мытэмэмагъ хъыбархэм яхигъэкIыну. Апхуэдэу комиссэр хуитщ зыкъыхуэзыгъэзам къыгъэувхэр имыгъэзэщIэнуи. Абы щхьэусыгъуэу зыхэхуагъэхэм я хуэдэу къыщыгъэлъэгъуа тхылъым и копиер апхуэдэ хэхакIуэм иритын хуейщ.

Езыхэм яIэ хуитыныгъэхэр хэхакIуэхэм яхъумыгъупщэн папщIэ, абыхэм Iэ яIэтыну езыгъэблагъэ тхылъитI хугъэхьэ. Япэм хэхакIуэм хуегъэлъагъуэ спискэм езым теухуауэ иратха хъыбархэм я тэмэмагъыр зэхигъэкIыну. Апхуэдэу Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ, хэхакIуэм и цIэ-унэцIэр спискэм хамыгъэхьэу къэнэнукъым, абы и мызакъуэуи, а хэхыпIэ участкэм и щIыналъэм щымыпсэу цIыхухэм я цIэ-унэцIэхэр спискэхэм иратхэнукъым. Дэ тедгъэчыныхьу хэхакIуэ псоми чэнджэщ идот апхуэдэ Iэмалыр къагъэсэбэпыну икIи спискэхэр ягъэтэмэмыным теухуа лэжьыгъэм жыджэру хыхьэну.

ЕтIуанэ егъэблэгъэныгъэм ягу къагъэкIыж хэхыпIэ участкэ здэщыIэ щIыпIэр, участкэ хэхакIуэ комиссэм телефонкIэ зыпащIэ, абы хэтхэм ечэнджэщ зэрыхъунур. Апхуэдэу Iэ щаIэт махуэм участкэ комиссэм хэтхэр езыхэм я унэ ирагъэблагъэ хъунущ. КъыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейщ езыхэр зыхатха участкэр мыхъуу, нэгъуэщI щIыпIэ Iэ щаIэтыну Iэмал зэраIэр. Абы папщIэ тхыгъэкIэ е псалъэкIэ участкэ хэхакIуэ комиссэм зыхуагъэзэн хуейщ 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м сыхьэтыр 14-м нэхъ кIасэ мыхъуу - нэгъуэщIу жыпIэмэ, Iэ IэтIыр иухыным сыхьэти 6 нэхъ рэ нэхъ мащIэ имыIэжу.

Абы къыдэкIуэу хэхакIуэхэр КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм интернет сайтым щалъэIэсыфынущ «Уи хэхыпIэ участкэр къэгъуэтыж» Iыхьэм. И пэшым зыщригъэтхыу икIи щыпсэу щIыпIэр къигъэлъагъуэу хэхакIуэм къищIэфынущ езым и хэхыпIэ участкэм и номерри, здэщыIа щIыпIэми теухуауэ зыхуеину хъыбар псори.

<u>- НэгъуэщI сыт хуэдэ Iуэхугъуэщ Iэхэр къапэплъэрэ хэхакIуэхэм?</u>

- Псом япэу къыхэзгъэщынщ IэIэтым кърикIуахэр къызэрабж техникэ Iэмэпсымэхэр хэхакIуэ участкэхэм къызэрыщагъэсэбэпынур. Зи гугъу тщIыр зэрыхах бюллетенхэм зэрелэжь (КОИБ), электрон Iэмэпсымэхэмкiэ Iэ зэрырагъэIэт Iэмалхэрщ (КЭГ). Ди республикэм къыщагъэсэбэпынур КЭГ-хэрщ. Ахэр хэхыпIэ участкэхэм трагуэшакIэщ. Апхуэдэ участкэхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым 18 щыIэщ. Абыхэм ящыщу Налшык плIыр, Бахъсэн, Прохладнэ, Май, Шэджэм куейхэм зырыз, апхуэдэу Ислъэмей, ЯтIэкъуэ, Анзорей, Учебная, Белоглинская, Новэ-Хьэмидей, Шытхьэлэ, Псыкуэд, Къарэ-Су, ЛашкIутIэ къуажэхэм иджыпсту щагъэув.

Iэ щаIэтыну махуэм а участкэхэм ящыщ дэтхэнэми IэщIагъэлIхэр щылэжьэнущ. Ахэр хэхакIуэхэм ядэIэпыкъунущ электрон Iэмэпсымэх эмкIэ Iэ яIэтыну. КЭГ-хэр тэмэму къызэрагъэсэбэпыным теухуа хъыбархэр зытетха стенд щхьэхуэхэр хэхыпIэ участкэхэм къыщыфIадзэнущ.

КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм апхуэдэу къыхихащ УФ-м и щIыналъэм хамытха хэхакIуэхэм Iэ щаIэтыну хэхыпIэ участкэхэу плIыр щылэжьэну пэшхэр. Зи гугъу тщIыр Бахъсэн щыIэ участкэ № 35-рщ, Налшык щылэжьэну участкэ №162-рщ, Прохладнэ щыIэну №239-рщ, Нарткъалэ зи бжэхэр Iухауэ щыщытыну №294-рщ.

<u>- Мы гъэм и мэкъуауэгъуэм Налшык щекIуэкIа зэIущIэм къыщыщыпсалъэм ЦИК-м и Iэтащхьэ Чуров Владимир жиIащ никъуэдыкъуэхэм хэхыныгъэхэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэр пхагъэкIыным гулъытэ щхьэхуэ хуащIын зэрыхуейр. Апхуэдэ цIыхухэм сыт хуэдэ щIыкIэкIэ Iэ ирагъэIэтыну?</u>

- Къызэрыхэзгъэщащи, абыхэм къагъэсэбэпынущ хэхыпIэ участкэм къэмыкIуэу Iэ яIэтынымкIэ яIэ Iэмалыр. Абы папщIэ тхыгъэкIэ е псалъэкIэ участкэ хэхакIуэ комиссэм Iэ щаIэт махуэм сыхьэт 14-м нэхърэ мынэхъ кIасэу зыхуагъэзэн хуейщ. АрщхьэкIэ Iэ щаIэт хъунущ езы хэхыпIэ участкэми.

Зи нэхэм фIыуэ ямылагъу никъуэдыкъуэхэм папщIэ хэхыпIэ участкэхэм щагъэхьэзыращ лупэхэр, тхыгъэхэр ину уэзыгъэлъагъу нэгъуэщI абдж лIэужьыгъуэхэр, Iэ зэраIэт бюллетенхэм тхыгъэхэр зэрыратхэ трафаретхэр. А трафаретхэм политикэ партхэри дамыгъэ зэрагъэувэну щIыпIэхэри щыубзыхуащ.

Зи нэхэм фIыуэ ямылъагъу никъуэдыкъуэхэм республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэкIэ Iэ зэраIэт бюллетеным тхыгъэхэр иратхэну Iэмал езыт трафарет щхьэхуэхэр щагъэувынущ хэхыпIэ участкэхэу 215-м.

Зи нэхэм фIыуэ ямылъагъухэм Iэ зэраIэт щIыкIэм апхуэдэу щыгъуазэ зыщыхуащI хъунущ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и сайтым.

<u>- А тIэ сыт хуэдэ IэмалкIэ хэхыныгъэхэр щекIуэкI махуэм сымаджэщхэм щIэлъ е санаторэхэм щыIэ хэхакIуэхэм Iэ зэраIэтыну щIыкIэр?</u>

- ПIалъэкIэ здэщыIэ щIыпIэхэм хэхакIуэхэм Iэ щаIэт хъунущ нэгъуэщI щIыналъэхэм Iэ щаIэтыну хуит зыщI тхылъхэмкIэ. Абыхэм щхьэкIэ сымаджэщым е санаторэм хэхыпIэ участкэ къыщызэрагъэпэщ.

Апхуэдэ тхылъ къыIахыну Iэмал ямыIамэ, ахэр хэхакIуэхэм я спискэм хагъэхьэнущ участкэ хэхакIуэ комиссэм тхыгъэкIэ зыхуагъазэу ирата лъэIу тхылъымкIэ. Ауэ абыхэм ар ятын хуейщ Iэ яIэтыным махуищ нэхърэ нэхъыбэ имыIэжу. А пIалъэм иужькIэ хэхакIуэр сымаджэщым щIэгъуэлъхьамэ, абы бюллетень щратынур нэгъуэщI щIыпIэхэм Iэ щаIэтыну хуит зыщI тхылъхэмкIэщ.

Сымаджэщхэм е санаторэхэм хэхакIуэ участкэ щымыIэмэ, цIыхухэм Iэ яIэт апхуэдэ хэхыпIэ участкэм мыкIуэу Iэ яIэтыну хуит зэращI хабзэм тету.

Iэ зэраIэт бюллетеным
№7-м щIэту иратхащ

Урысейр иджырей псэукIэм хэзэгъа къэрал зэIухауэ щытын хуейщ

IЭПХЪУЭШАПХЪУЭХЭМ я Iуэхум иджыпсту куэд егъэгузавэ. Хэти нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщхэр къэралым къызэрыкIуэм иризэгуоп, хэти ар иджырей зэманым къезэгъыу къелъытэ. Ауэ дэтхэнэ бгъэдыхьэкIэми къызэщIиубыдэркъым иджырей зэманым къэралым зэрызиужьыну щIыкIэм а Iуэхур нэгъэсауэ зэрегъэзэгъыпхъэр.

Урысейр къэралу зэрыув лъандэрэ ар хэкум щыпсэу лъэпкъ псоми я щIыналъэу къогъуэгурыкIуэ. Абы и лъэныкъуэкIэ дэ дебгъапщэ хъунукъым США-м, нэгъуэщI къэрал куэдым - Канадэм, Австралием, Новэ Зеландием, Аргентинэм. Абыхэм щыпсэухэр къанэ щIагъуэ щымыIэу я щIэблэщ зэгуэр хэку жыжьэхэм къиIэпхъукIыу а къэралхэр псэупIэ зыщIауэ щытахэм. IэпхъуэшапхъуэхЭм я Iуэхум пыухыкIауэ унафэ зэрытепщIыхь хъун Iэмал хэха зы къэралми щахуэубзыхуакъым. Европэм иджыпсту щекIуэкIхэм къагъэлъагъуэ IэпхъуэшапхъуэхЭм пыухыкIауэ щыкIэлъымыплъ къэралхэм шынагъуэ къазэрытехьэр.

Апхуэдэу щыт пэтми, къэралым и гъунапкъэхэр цIыху къидмыгъэхьэу дэ къытхуэгъэбыдыхьынукъым, сыту жыпIэмэ лэжьыгъэ IэнатIэхэм заубгъу икIи зэпымыууэ лэжьакIуэхэр къыдомэщIэкI, абы къыдэкIуэу ди лъэпкъэгъу куэди нэгъуэщI къэралхэм щопсэу. Къэралым и тхыдэр щыхьэт тохъуэ дэ лъэпкъыбэу, дин зэмылIэужьыгъуэхэр зетхьэу дыщытми, зэгурыIуэу дызэрызэдэпсэуфым. Дуней псом щыIэ щытыкIэр къэплъытэмэ, Урысейм ар и ефIэкIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу къыщIэкIынущ.

ЭкономикэмрЭ щэнхабзэмрэ зэрызаужьым къыхэкIыу, ди цIыхухэри нэхъыбэрэ IэпхъуэН хуей мэхъу. Къэрал кIуэцIым щыIэпхъуэныр законкIэ щIэгъэбыдэн, абы папщIэ зыхуеину инфраструктурэри къызэгъэпэщын хуейщ. Къэралым къриубыдэу щызэтегъэувапхъэщ псэупIэ къыхэхынымкIи, экономикэм хэлэжьыхьынымкIи, социальнэ IуэхухэмкIи псоми я зэхуэдэ хабзэхэр. Инфраструктурэм и гугъу пщIымэ, абы хеубыдэ коммуникацэ зэмылIэужьыгъуэхэр, гъуэгухэр, связыр, авиацэм зегъэужьыныр, транспортым текIуадэр гъэмэщIэныр, бэджэнду ят псэупIэхэр псом хуэмыдэу къалэшхуэхэм нэхъыбэу къыщызэгъэпэщыныр.

Урысейм и дэтхэнэ зы цIыхуми къыпэрыуэ щымыIэу къэралым и кIуэцIкIэ зыхуей щIыпIэм кIуэну, къэкIуэжыну хуитыныгъэ иIэн хуейщ. Ди деж апхуэдэ щытыкIэм иджыри щыщыщтэми, Европэм ар куэд щIауэ хабзэ щыхъуащ икIи ар щIэгъэкъуэнышхуэщ лэжьыгъэм и рынокым зегъэужьынымкIэ, щэнхабзэр щIэуэ зэтегъэувэнымкIэ.

Лэжьыгъэ IуэхукIэ IэпхъуэхЭм дазэрыбгъэдыхьэр дэ кIэщIкIэ тхъуэжыну къытпэщытщ. Лэжьыгъэ IэнатIэ къалъыхъуэу Iэпхъуэхэр къэралым и экономикэм зиужьын папщIэ зыхуейм хуэдизщ. Абы къыхэкIыу лэжьыгъэ Iуэхум пыщIауэ IэпхъуэхЭр ягъэмэщIэну щыхуежьэм и деж, абы экономикэм и зыужьыныгъэр кIэрегъэху.

«Захуагъэ зыхэлъ Iуэху» партыр и телъхьэщ лэжьэн папщIэ IэпхъуэхЭр нэхъ къызэрыгуэкIыу тхыным, абы къыдэкIуэу абыхэм папщIэ хабзэ пыухыкIахэр гъэувыным. НэгъуэщI къэралхэм мы Iуэхур зэрыщекIуэкIыр къэлъытапхъэщ. Къапщтэмэ, Хьэрып Эмиратхэм ухуэныгъэ щезыгъэкIуэкI лэжьакIуэхэр я нэхъыбапIэкIэ Пакистанымрэ Индиемрэ къикIахэрщ. Ауэ абыхэм ящыщу законыр къызэпызыудхэм (уеблэмэ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр зымыгъэзащIэхэм) я визэм хупащэркъым, языныкъуэхэм и деж икIэщIыпIэкIэ къэралым ирагъэкIыж. Мис апхуэдэ хабзэхэр ди дежи щыгъэувыпхъэщ. Ар тыншу пхузэфIэгъэкIынущ лэжьакIуэхэр къыздикI къэралхэм етщIылIэ зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ.

«Захуагъэ зыхэлъ Iуэху» нартым къызэрилъытэмкIэ, КъухьэпIэ Европэм мультикультуризмым теухуа политикэ зэрыщаубзыхуари ар зэрыпхымыкIыари ди къэралым къехьэлIэщауэ щыткъым. Лъэпкъ куэду зэхэту дэ лIэщIыгъуэ Iэджэ лъандэрэ дыкъокIуэкI. Апхуэдэу дыпсэуащ империем и зэманми, совет лъэхъэнэми, нобэми апхуэдэу допсэу. Ди лъэпкъхэм Илъэсы щIэр, IутIыжыр, нэгъуэщIхэри тIэунейрэ ягъэлъапIэ. Ди лъэпкъ шхыныгъуэхэм ящыщщ нащэ гъэфIэIуари, шаурмари, япон шхыныгъуэ суши жыхуаIэри. Налшык, Якутск, Грознэм, Мурманск щыпсэухэр ди теплъэкIи ди хьэлкIи дызэщхькъым, ауэ ар зэран къытхуэхъуркъым псоми тфIэIэфIу дзасэкIэ гъэжьа лы тшхынымкIэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я къафэхэр уэрамхэм къыщызэIутхынымкIэ.

Дэ Ипщэ-КъуэкIыпIэ Азиер, КъухьэпIэ лъэныкъуэр, муслъымэн къэралхэр щэнхабзэкIи, экономикэкIи, транспорткIи зэпызыщIэ хэку дыхъуну ди къалэнщ. Ди къэралыр, ди псэукIэр щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэпызыщIэ КъуэкIыпIэри, КъухьэпIэри, Ищхъэрэри, Ипщэри щызэхэухуэна лъэмыж хьэлэмэтщ.

Авторитаризмым пэщIэдгъэувэн диIэщ

ИЛЪЭС ТIОЩI япэкIэ коммунизмым и Iэхъулъэхъум къыIэщIэкIри, ди къэралыр демократие хабзэхэм теувэну, рынокыр зи лъабжьэ экономикэ къызэригъэпэщыну яужь ихьащ. Илъэс 20-р зэман мащIэкъым зэфIэгъэкIа хъуахэм ухэплъэжын папщIэ. Илъэс тIощIыр хуабжьу зэщхьэщыкI IыхьитIу - «Ельциным и лъэхъэнэрэ» «Путиным и лъэхъэнэу» гуэшащ. «Ельциным и лъэхъэнэр» мыухыж кризису, политикэ хьэргъэшыргъэу, экономикэр зыгъэгулэз къэхъукъащIэ защIэу щытамэ, «Путиным и лъэхъэнэм» зэманыр тIэкIу нэхъ зэпIэзэрыт хъужащ, цIыхухэри нэхъ хуиту бэуэжащ. Федеральнэ центрым хузэфIэкIащ езым и жыIэм щIэтхэр нэхъыбэу зыхэт парламент къызэригъэпэщын икIи властыр и лъабжьэм къыщегъэжьауэ и щхьэм нэс дэкIуейуэ хабзэ ткIийм тригъэувэн. АтIэ сыт а псоми къызэрыгуэкI цIыхум къыхуихьар?

2003 - 2005 гъэхэм зэтеува унафэ щIыкIэм Кремлым и идеологхэм фIащащ «зыми IэщIэмылъ демократие». Гупсысэ зыхэлъ мыдрей цIыхухэр абы «зэрыхуейуэ яунэтI демократиекIэ» еджэу хуежьащ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, абы унафэ зэрыхуащIыр, зэраунэтIыр зы лъэныкъуэкIэщ - ищхьэмкIэ къыщегъэжьауэ и лъабжьэмкIэ ехыущ. Апхуэдэ унафэ щIыкIэм мураду иIэри зыщ - политикэ гъащIэм, информацэм и IэнатIэм властым хуэмышэч Iуэху еплъыкIэмрэ гупсысэкIэмрэ хэгъэкIынырщ. Арощи, зэпIэзэрытыныгъэ жыхуэтIэр хуэмурэ жыпхъэ пыухыкIам иубыда хъуащ. Къэралым гъуэгу яритыркъым езым фIэмыкъабыл жыджэрагъ гуэр политикэм е экономикэм хэзылъхьэну хущIэкъухэм.

Ди лъэхъэнэм и цIыху нэхъыщхьэ хъуащ къэрал къулыкъущIэр. Абы и нэфI зыщыхуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэрщ, хьэрычэт IэнатIэхэрщ лэжьыгъэ гуэр езыхьэкIыну гъуэгу зратыр. Дэтхэнэ зы фирмэри, дэтхэнэ зы партри щыхуейщ дыдэм и деж зэхуащIыж мэхъу. Iэмал имыIэжыххэмэ, абы папщIэ езыхэм я жыIэм щIэт судыр къагъэсэбэп.

Зэрыщыту къэрал псор къулыкъущIэхэм яунэтI. Нобэ къулыкъущIэр цIыхубэм къапыгъэщхьэхукIащ, абы и Iуэхур фIы хъунуми Iей хъунуми зэлъытар езыр зыIэщIэлъ унафэщIырщ. Арощи, къулыкъущIэр зытелажьэр цIыхухэркъым, хэхакIуэхэркъым, атIэ езым и унафэщIырщ. Президентми премьерми къэрал кIэлъыплъыныгъэр ягъэткIиину махуэ къэс дыкъагъэгугъэ щхьэкIэ, къэралым езым и цIыхухэр кIуэтэху нэхъ декъузэ.

Системэр граждан жылагъуэм къыпэщIэкIуэтам къыщымынауэ, ар зэпымыууэ декъузэ, етхьэлэ. Апхуэдэ ткIиягъым фIыгъуэ лъэпкъи, къэкIуэнум пыщIа гугъапIи, шынагъуэншагъи къызэригъэпэщыркъым. Абы жылагъуэ мыхьэнэ гуэр зиIэ зы Iуэху гуэри дигъэкIыну зэфIэкI бгъэдэлъкъым, хузэфIэкIыр къыхуеджэныгъэ гуэрхэр къихилъхьэну, гугъуехьхэр дэгъэкIыныр IэпэдэгъэлэлищIыну, мылъкум хэджэгухьыну аращ. Къэралым и Iэтащхьэм и деж унэсыху зыгуэркIэ узыхэмызагъэ системэр зэрыщыту зэрымыхъумыщIагъэр гурыIуэгъуэщ. Иджыпсту ар зэмыхъуэкIамэ, зэман кIыхькIэ гугъу дригъэхьу екIуэкIынущ.

Инджылызым щыщ лорд Актон XIX лIэщIыгъуэм апхуэдэ къэрал зехьэкIэм теухуауэ жиIауэ щытащ: «Властым ар зыIыгъыр щегъэкI, зи властыр гъунапкъэншэр гъунапкъэншэуи щокI». Бюрократием и властыр гъунапкъэншэ зэрыхъуам кърикIуащ коррупцэми гъунапкъэншэу зэрызиубгъуар. КъулыкъущIэхэр, полицэм хэтхэр, судыщIэхэр дэ къызэрытхущытыр езыхэм къазэуа щIыналъэм дыщыпсэум хуэдэущ. Абыхэм дэ дыкъызэралъытэр езыхэм я фейдэ хэкIыпIэущ, махуэ къэс яхуэлэжьэн хуей унэIутущ. Балигъ хъуа дэтхэнэ зы цIыхури щыгъуазэщ зы Iуэху мыхьэнэншэ гуэр дэбгъэкIын - мафIэсгъэункIыфIхэм е санэпидстанцым справкэ къеIыпхын, сабийр садым бгъэкIуэн папщIэ щIэптын хуейр зыхуэдизым. ЗэкIэ къэралыр зыхэмылъэу къанэр цIыхум и унагъуэ гъащIэрщ. Ауэ ари зэкIэщ...

Дэ - «Захуагъэ зыхэлъ Iуэху» партым хэтхэр - дыиджырей цIыхущ, ди ныбжькIэ дыщIалэщ. Ику иту партым хэтхэм я ныбжьыр илъэс 35-рэ хъууэ аращ. 90 гъэхэм дэ ди ныбжьу щытар илъэс 15-20-щ. Абы щыгъуэ реформэ езыгъэкIуэкIахэм яIэщIэкIа щыуагъэхэмрэ мыхъумыщIагъэхэмрэ ди унагъуэхэм, ди адэ-анэм хьэлъэу къажьэхэуащ. Абыхэм я щыуагъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ совет лъэхъэнэм парт, хозяйственнэ унафэщIу, лэжьакIуэу щытахэм зэрапэщIэмыувар, ахэр зэрызыхашар. Реформэ езыгъэкIуэкIхэм я лIыгъэр хурикъуакъым бюрократием ткIийуэ пэщIэувэным.

Ауэ сыт хуэдиз щыуагъэ къэмыхъуами, пIалъэкIэ сыт хуэдэ гугъуехьхэм дыхэмыхуами, абыхэм яхуэгъэкIуэдынукъым ди лъэхъэнэм и гупсысэкIэ нэхъ гъуэзэджэ дыдэр - либерал гупсысэкIэр. Дунейм нэхъ ехъулIэныгъэ ин дыдэхэр къыщызыхьхэр цIыхухэм я щхьэхуитыныгъэр псом япэу игъэщыпхъэу къыщалъытэ къэралхэрщ. Урысей цIыхубэм яфIэкIуэдакъым либерал бгъэдыхьэкIэр зэрытэмэмымым хуэгъэза гупсысэкIэр, арыншауэ дызэрымыпсэуфынум, зыужьыныгъэ зэрыдимыIэнум теухуа зэхэщIыкIыр.

Нобэ Урысейм щызэтеува унафэ щIыкIэр пашэм иунэтI бюрократхэм я системэщ, цIыхубэм я лIыкIуэхэри хэт хуэдэу фэ зытригъауэу. Политикэ зэхъуэкIыныгъэхэр зытещIыхьар унафэщI закъуэтIакъуэ зэхъуэкIынымрэ зэгуэр совет лъэхъэнэм зэрыщытам хуэдэу, съезд Iэтахэр егъэкIуэкIынымрэщ.

Дуней псом куэд щIауэ къащыгурыIуащ бюрократием езым и лэжьэкIэр зэи зэрихъуэкIыфыну зэрыщымытыр. Ар зэзыхъуэкIыфынур парламентым увыпIэшхуэ щызыIыгъ, къару зыбгъэдэлъ либерал партырщ.

«Захуагъэ зыхэлъ Iуэху» партыр хэхыныгъэхэм тегушхуауэ, зэIухауэ яхуокIуэ. Дэ дыбзыщIыни щIэдуфэни диIэкъым икIи ди Iуэху еплъыкIэр зэIухауэ жыдоIэ.

Дэ дыхуейкъым сыт хуэдэми зы рынок гуэр, дызыхуейр рынок щхьэхуитщ, псынщIэу зызыужьщ, хьэлэлу IуэхукIэ зэпеуэным, псом я дежкIи гурыIуэгъуэу щыт хабзэхэм тет рынокщ.

Абы къыдэкIуэу Президентыр цIыхубэм хахауэ, цIыхубэм фIыуэ ялъагъуу щытыныр мащIэщ. Дэ дыхуейщ цIыхум и хуитыныгъэ нэхъыщхьэхэм политикэми экономикэми къыщыщхьэщыж къэрал Iэтащхьэ диIэну.

КъулыкъущIэри, судыщIэри, полицэм и лэжьакIуэри, уеблэмэ Президентри зыри къизымыдзэ уэркъкъым, атIэ жылагъуэм лIыщIэу къищта лэжьакIуэщ. Апхуэдэ лэжьакIуэм сэбэпынагъыу къыпыкIым нэхърэ зэраныгъэу нэхъыбэ къихьмэ - ар IугъэкIыжын хуейуэ аращ.

Дэ дыщыпсэур ди щIыналъэрщ. Зыри мэрием, управэм, полицэм и IуэхущIапIэм, санэпидстанцым, нэгъуэщIхэми я деж хьэщIапIэ дыкIуауэ дыщыIэкъым. Дызэрысыр ди къэралщи, абы щызекIуэ хабзэхэри зыгъэувын хуейр дэращ - къэралым ис цIыхухэрщ.

Урысейр щхьэхуитыныгъэм и щIыналъэу - абы зи пщIэнтIэпскIэ псэужхэм я щхьэхуитыныгъэр къызэригъэпэщу щытын хуейщ.

Урысей либерализмым лъэбакъуэщIэ ичыну къыпэщытщ. Абы папщIэ нэхъыщхьэ дыдэр цIыхухэрщи, губзыгъагъэ, жэрдэм зыхэлъ, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж цIыхухэр ди куэдщ. ЛIэщIыгъуэ кIуам и 80, 90 гъэхэм я зэпылъыпIэм ди къэралым и жылагъуэ гъащIэм и къалэн нэхъыщхьэу щытащ демократие (ипэжыпIэкIэ - либерал) зэщIэхъееныгъэр. А зэщIэхъееныгъэр икъукIэ зыубгъуауэ екIуэкIащ. Щхьэхуитыныгъэмрэ демократиемрэ я хабзэхэм цIыху мелуанхэр итхьэкъуат. 1993, 1995, 1999 гъэхэм екIуэкIа хэхыныгъэхэм либерал унэтIыныгъэ зиIэ партхэм папщIэ псори зэхэту хэхакIуэхэм я процент 15-м Iэ яIэтащ.

«Тэмэму лажьэ къэрал», «Жылагъуэ щхьэхуит» жыхуаIэхэм зыкIи емыкIуалIэ нобэрей гъэпцIагъэм пэщIэтыфыну щыIэр «Захуагъэ зыхэлъ Iуэху» партым и закъуэщ икIи дэ цIыхухэр къыхудоджэ абы папщIэ Iэ яIэтыну.

Нобэ къэрал лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр псоми яужэгъуащ. Ар зэрызэпхъуэкI хъун щыIэщ. Ауэ зэхъуэкIыныгъэ щыщыIэнур дэтхэнэ хэхакIуэми пэжым и телъхьэу Iэ иIэтмэщ.

«Захуагъэ зыхэлъ Iуэху» Урысейпсо политикэ партым хэхыныгъэм ирихьэлIэу къыхилъхьа спискэм бжьыпэр щызыIыгъ ДУНАЕВ Андрей.

КъБР-м и полицэм хэхыпIэ участкэхэр къепщытэ

КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-майор Васильев Сергей селектор зэIущIэ иригъэкIуэкIащ икIи МВД-м и щIыналъэ IэнатIэхэм я унафэщIхэм республикэм и хэхыпIэ участкэхэр террорым щыхъумэным зэрыхуэщIар, зэрыкIэлъыплъ видеокамерэхэмкIэ, гъущIхэкIхэр къэзыгъуэт IэмэпсымэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар щIапщытыкIыну къалэн ящищIащ.

Ныкъусаныгъэхэр щыIэмэ, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэмрэ щIыпIэ администрацэхэмрэ къыхашэу, ахэр ягъэзэкIуэжын зэрыхуейри къыхигъэщащ. Васильев Сергей гулъытэ щхьэхуэ хуищIащ езы полицейхэм хэхыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэр пхыгъэкIыныр къызэгъэпэщыным, хэхыныгъэхэр щекIуэкIыну махуэм я къалэнхэм пэрытхэри хыхьэу.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

●Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Сурэтым щывольагъу Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым япэ къыщызэIуаха киоскыр. Мыбыи ди газетыр щащэрт. *Налшык, 1931 гъэ.*

●Тезыр щрахьэкI IэнатIэ

ГъащIэ тэмэмым хуаущий

<u>Урысей Федерацэм 2020 гъэ пщIондэ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм зегъэужьыным теухуа концепцэм ягъэтIысахэм я щIэпхъаджагъэхэм къытрамыгъэзэжыным, хабзэр ягъэзэщIэным, фIым хуэущиныр къызэгъэпэщыным и лъэныкъуэкIэ къыщыгъэлъэгъуахэр зэрыпхагъэкIым теухуа зэIущIэ Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и 1-нэ колонием щекIуэкIащ.</u>

ЯГЪЭТIЫСАХЭМ я щытыкIэмрэ абыхэм тезырыр зэрырахьэкI щIыкIэмрэ къэзыпщытэ комиссэм и зи чэзу зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и православнэ члисэм и протоирей Бобылев Валентин, Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Емкъуж Анзор, КъБР-мкIэ ЖылагъуэкIэлъыплъакIуэ комиссэм и тхьэмадэ Эндреев Магъэзалий, а комиссэм хэт ГъукIэ Юрэ, Яныкъуей къуажэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Бозиев Алий сымэ. Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Федоров Василий зыхэта комиссэм и зэIущIэм IуэхугъуихыМ щыхэплъащ.

Тезыр езыхьэкIхэм фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызахъуэжым теухуа дэфтэрхэм хэплъэри, комиссэм унафэ къищтащ. Абы ипкъ иткIэ ягъэтIысаитIым я тезырыр нэхъ тыншу ирахьэкIынущ, адрейхэр нэхъ пасэу хуит ящIыжынымкIэ тхылъхэр ягъэхьэзырынущ.

УФСИН-м и унафэщIым IуэхущIапIэм и администрацэм чэнджэщ иритащ «социальнэ лифтхэр» унэтIыныгъэм къызэщIиубыдэхэр къызэрагъэсэбэпынум ягъэтIысахэр нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ ящIыну.

Федоров Василий ящIыгъуу, хьэщIэхэм тезырхэр щагъэзэкIуэж IуэхущIапIэр къызэхаплъыхьащ, чристэн, муслъымэн тхьэ елъэIу-пIэ пэшхэм кIуащ. ЖылагъуэлIыкIуэхэр бзаджащIэ ерухэр щаIыгъ пэш хэхахэм кIуащ, тезырыр езыхьэкIхэм псалъэмакъ щхьэпэхэр драгъэкIуэкIащ.

ЗЭБАР Мадинэ,
Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ

Абазэ таурыхъхэр

IуэрыIуатэ къулей къадогъуэгурыкIуэ абазэхэм - нарт хъыбархэмрэ пшынальэхэмрэ, пасэрей уэрэдыжьхэр, таурыхъхэр, псыгъэхэр, псалъэжьхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми ныбжьыщхъэ яIэщ, лъэпкъ фащэкIэ гъэпсащ, купщIафIэщ. Абазэхэм я гъунэжщ, псалъэм папщIе, таурыхъхэмрэ псысэхэмрэ - щыгъуазэ фыдощI апхуэдэ зыбжанэм.

Абазэхэмрэ адыгэхэмрэ зэблагъэ дыдэщ - я бзэкIэ, я щэнхабзэкIэ, я лъэпкъ хабзэхэмкIэ, аращ я IуэрыIуатэм зы купщIэрэ зы гъэпсыкIэрэ щIаIэр.

Ахъ Iуфэм Iусащ абазэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ, 13-нэ лIэщIыгъуэм щыщIэдзауэ бгым къыщхьэдэхыурэ адыгэхэм нэхъри гъунэгъу къахуэхъуащ.

Абазэхэр нобэ щопсэу Къэрэшей-Шэрджэсым хиубыдэ Псыжь, Къубинэ, Елбыргъэн, Инжыдж-КIыкIун, нэгъуэщI жылагъуэхэми. Абазэхэр щымащIэкъым Къэбэрдеймри, Адыгеймри, хамэ къэралхэми - Туркум, Сирием, Иорданием.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Фыхунэзгъэсмэ

ЗЫ ДЖЭДУУЖЬ жьэгум дэсурэ зы дзыгъуэ шыр къы-Iэрыхьащ, и лъэбжьанэр щыхнукIэм, дзы-гъуэ шырым зиIэжащ.

- ЗумылIэж, - жиIащ джэдуужьым. - УкъыщIэзубдар пщIэрэ?

- Сыпшхынура гъэнщ, - мэгъынанэ дзыгъуэ шырыр.

- Усшхынукым. Усшхыпэнуми, усхуэшхынукъым: сыкъэпIэгъурккъэ - дзэ сIутыжкъым, жьы сыхъуащ.

- НтIэ щхьэ сыкъэбубыда?

- ДжажIуэ усщIынущи, аращ укъыщIэзубыдар. КIуэи, дзыгъуэ зэрыбыныр къысхуэшэ: сливэкIужьи мурад сщIащ.

Дзыгъуэ шырым и ани, и кIуэши, и шыпхъуи, и благъи - хьэблэм дигъуэтар хуишащ джэдуужьым:

- Дишынукъым, лъапэ кьыттрилъхьэнукъым, кьыдэкIужьи мурад ищIащи, кьыдодджэ.

Зэрыгъэгушхуэри, дзыгъуэ зэрыбыныр джэдуужьым деж кIуащ. И нэр зэригъэдзэкIри, джэдуужьыр дзыгъуэхэм къахэплъащ

- Догуэ, - жиIащ джэдуужьым, - къэпыр щIэвугъуэныр сыт, къэп щхьэпсыр зэпыфшхыкIрэ къэпым итыр кьифхмэ, зэфIэкIыркъэ?

- Абы ди акъыл хуэкIуакъым, - жаIащ дзыгъуэхэм. - ДяпэкIэ Iущ дыхъунщ.

- Фыхунэзгъэсмэ! - жери джэдуужьым дзыгъуэхэр зэтриукIащ - хьэблэм зы дзыгъуэ кьыдинакъым.

Бажэ гуэшыкIэ

МЫЩЭР, дыгъужьыр, бажэр хъуэжIуащIуэрэ зы щыхь, зы мэз бжэн, зы тхъэкIумэжьыхь кьаIэрыхьащ. Я шхэгъуэ кьыщысым, дыгъужьым жиIащ :

- Къэтщэдуар сэ сфыуэгуэшынщ, дзыхь къысхуэфщIмэ.

- Къытхуэгуэш, - жаIащ.

-Щыхьыр мыщэм Iызогъэс, мэз бжэныр си Iыхьэщ, бажэм тхъэкIумэжьыхьыр хурикъунущ.

Щыхьри, мэз бжэнри, тхъэкIумэжьыхьри яфIшхын мурад иIэти, дыгъужьым и гуэшыкIэр мыщэм игу ирихьакъым: еуэри дыгъужьыр иукIащ.

- Иджы уэ къытхуэгуэш, - жери мыщэр бажэм епIащ, и нэ зэгъэдзэкIауэ.

- Щыхьыр уи пщэдджьыжьышхэщ, мэз бжэныр щэджагъуащхэ пхуэхъунщ, тхъэкIумэжьыхьыр пщыхьэщхьэ пшхынщ.

Ар жери бажэр зыIуубзаеу мыщэм и пащхьэ итIысхащ.

- Уи гуэшыкIэр сигу ирохь, хэт абы ухуэзыгъэIущар? - ней-нейуэ епIащ мыщэр бжэм.

- Уи пащхьэм ипль дыгъужьыжьыращ, - жиIащ бажэм. - Абы епщIар слъэгъуакъэ!

ЛIы ГУЭРЫМ зыш иIэти, жэщым иутIыщыртт. Жэщ псом хьун кIырым лъакъуащхьэкIэ хэт щхьэкIэ, шыр кIуэ пэтми нэхъ Iей хьурт, пщэдджьыжьым зэхэуIауэ кьыдыхьэжьырт.

«Жэщым сутIыпщмэ, си шыр зыгуэрым кьрехуэкI, сепIъэкIуэнщи, кьеэзыхуэкIыр ззэгъэщIэнщ», - жери мурад ищIащ лIым.

Шыр хьупIэм ириутIыпщхьэри, езэыр кIэлъыдэкIащ.

Жэщыбг хьуауэ хьупIэм зы мыщэ, зы бгъужь, зы бажэ кьихьащ, чэз у-чэзуу шэсурэ шыр кьрахуэхIыкIыщIадзащ. Аркъэн идэри, мыщэри, дыгъужьри, бажэри кьиубыдащ.

- Си шым и фэр изыхыр фэраи, - яхуилъащ лIыр,- кIэ фэстынкъэ иджы!

- Сыт кьыщэпщIэнур?

- Фызуклынущ - ар фыфIэмащIэ?

- ДумыкI, - жаIащ, - дыпхуэзупсэнщ.

- Сыт фыкьыззэрысху зупсэнур?

- Жыгей гъуанэ сощIэ, фо изу. Усшэнщи, фор кьоэгъэхынщ, - жиIащ мыщэм.

- Сэ мэл хьушэ кьыпхуэсхунщ, - жиIащ дыгъужьым.

- Дишынукъым, лъапэ кьыттрилъхьэнукъым, кьыдэкIужьи мурад ищIащи, кьыдодджэ.

Зэрыгъэгушхуэри, дзыгъуэ зэрыбыныр джэдуужьым деж кIуащ. И нэр зэригъэдзэкIри, джэдуужьыр дзыгъуэхэм къахэплъащ

- Догуэ, - жиIащ джэдуужьым, - къэпыр щIэвугъуэныр сыт, къэп щхьэпсыр зэпыфшхыкIрэ къэпым итыр кьифхмэ, зэфIэкIыркъэ?

- Абы ди акъыл хуэкIуакъым, - жаIащ дзыгъуэхэм. - ДяпэкIэ Iущ дыхъунщ.

- Фыхунэзгъэсмэ! - жери джэдуужьым дзыгъуэхэр зэтриукIащ - хьэблэм зы дзыгъуэ кьыдинакъым.

Щхьэж и унэ бжэнлъакъуэ

шэри кьриудащ:

- У стхъэ лэмэ, фор сэ кьысхуэнэжьынкъэ, - жери.

- Сыботхьэлапэри, емынэунэ хьун! - кьэгужьейри кIиящ лIыр. БлэкIыртри, абы и кIиI макъыр бажэм зэхихащ.

- Уа, тхьэм и нэфI зыщIхуэн, мыщэр къыпIэщIэмылъэгъуауэ пIэрэ нобэ?- лIым еджащ бажэр.

- КъысIэщIэлъэгъуа дэнэ кьэна, си гущIыIу кьитыстхьауэ сетхьэлэ! - жиIащ лIым. - КIэ кьызитын мурад ищIащ.

- КIэ эратынур езыращ: абы и лъэужьыр щакIуэм кьрехуэкI. Плъагъумэ, хьыбарыншэ сумыщI: щакIуэм бзэгу хуэсхьыжьынурэ IуеэгъэпIэнущ, - жиIащ бажэм.

Мыщэм лIыр кьыщихуащ:

- «Сльагъуну сыхуейкьым» жыIэ, - жери.

- Сльэгъуакъым, сльагъуни сыхуейкьым, - жиIащ лIым.

- Уи пащхьэм итыр хэттIэ?

- Пхъэ дакъэжьщ.

- Пхъэ дакъэжьмэ, джыдэ кьащти, кьиуд.

- Кьизудмэ, кьизудщ, - жери лIым мыщэр IупIащ.

ЛIымрэ бажэмрэ мыщэм и фэр трахщ, жыг гъуанэм иль фор зыIэрагъэхьэри-щхьэж и унэ бжэнлъакъуэ!

КЪУАЖЭМ дыхьэщ, джэдущым зыщIигъэбзахэри, зы джэд ирихьэжьащ бажэм. Хьэр кIэльыпхъэра щхьэкIэ, щыхьакъым - яIэщIэкIри мэзым зыщIидзащ. Мэзым дыгъужь ныбаджэр кьыщIрихьэлIащ. Шынэри, бажэм джэдыр гъыхьащ.

- ЖиIащ дыгъужьым. - Джэдыр кьыптесхынукъым. Кьыздипхар кьызжкIэ закъуэ.

- Кьуажэм я джэдкъазыр ягъэшьжати, зы джэд кьысIхьагъэсащ.

- Сэ сыт кьыслъагъэсар? - и нэр зэригъэдзэкIащ дыгъужьым.

- Уэри Iыхьэншэ ущIаIкьым, - жиIащ бажэм. - АдакъэкIэ кьыпхуэупсащ. Зы-хьмумыгъэкIыж: иджьыпгсу унэмысмэ, кьуажэр щIегъуэжьынщи, уэхэIыжащ.

- ЖэрыгъэкIэ сыкIуэнкъэ! - жери дыгъужьыр екжэжащ.

Кьуажэм дыхьа кьудейуэ, дыгъужьым зы хьэжь кьыпхуэщ.

- Сытым укъытхуихьа, лыцIынэшх? - кьыхуилъащ хьэжьыр.

- Си Iыхьэм сыкъыкIуэтыыкIуащ, - жиIащ дыгъужьым. - Фи джэдкъазыр щыврегъэшыжьым зы адакъэ кьысIлъыврбгъэсати, абы сыкъыкIэлъыкIуащ.

- Адакъэ мыгъуэр узэгъэщIынкъэ сэ уэI ? - кьыхуилъащ хьэжьыр, кьыжьыхэпхъуэри кьыззэ хифыщIащ.

Нэхъ бзаджэр

Лъы защIэ хъуауэ, и псэр пыт къуедгъуэ, хьэжьым IэщэкIри, дыгъужьыр мэз лъапэм нэсыжащ. УIэгъэр ибзейуэ здэщысым, бажэр кьрихьэлIащ дыгъужьым.

- Адакъэ мыгъуэр кьысщIагъэн пэтащ, бажэжь щIыкIу: хьэ кьаржьым сызэхишхьащ.

Убэлэрыгъати, аращ. АфIэкI умыбзэрыгъ. Пщэдей жэщ дыкIуэнщи, адакъэр кьаIэщIэдгъэкIынщ, - дыгъужьым игу фIы хуищIащ бажэм.

- Плъагъркъэ: сызэхащхьащ. Пщэдей жэщ пщIондэ кIыжьи си уIэгъэр? - гъынэнащ дыгъужьыр.

- УIэгъэр щIэ х дыдэ зэрагъэкIыж сощIэ сэ.

- Дауэ? Хущхуэгъуэ иIэ?

- ИIэщ. ПщэдейжэщпщIондэ уIэгъэр пхуэзгъэкIыжьыфынущ сэ.

- Сыбгъэнат, ар кьысхуэпщIамэ, - къэгуфIэжащ дыгъужьыр.

- Уи уIэгъэм и хущхъэращ: шыпсыраныр гъэрэным хыхьи, кьызэхэжьыхь, шыпсыраныр укъытхэкIыжьмэ, пыжь банэм хэпъадэ, бгъэгукIэ ищIыкI, итIанэ гуэл шыбгъэм уэшэнщи, псы зыдзэбгъэ ижьхьжьнщ. Шыпсыраныр уисми, банэ кьыпхуэуэми, шыгъэушыпсыр уIэгъэм ибжьыми, зыхуэгъэшэч. Арынщауэ хуэхьжьнукъым.

Шыпсыранэри, пыжь банэри, гуэл шыгугъри зыхуигъэшэчащ дыгъужьым.

- Иджы сыт сщIэнур?

- ПщIэнур? Иджы уи гъуэм уипщхьэжьынщи, уи уIэгъэр кIыжьыху, зыкъыумыгъэхъей. Уи уIэгъэр кIыжауэ нэху укъекIынщ, - жиIащ бажэм. - Уи кIэр гъуэм кьиншинкIи, пщIыхьэпIэфI пIъаГъунущ.

И гъуэм ипщхьэжри, дыгъужьым и кIэр кьришинкIащ. Хьэ кьаржьым деж жащ бажэр.

- Дыгъужьым хууеймэ, кьыпIэрыхьащ, - жиIащ бажэм. - И кIэр кьришинкIауэ, мэжжеири гъуэм итащ.

- Сэ хуэфI сыхъункъэ абы! - жери хьэ кьаржьыр зэрыгъуэм кьриIыгъащ.

Бажэр зыхуейр арати, хьэ кьаржьым дыгъужьыр зэпкьриудащ.



Апхъыщэм и мэкъамэ.
Сурэтыр **Хьэлуан Назим** *ищIащ. 1960 гъэ.*

Хэт зи лажьэр?

ЩАКIУЭМ бажэр кьиубыдын мурад ищIри, хьэр абы и ужь ириутIыпщхьащ. Хьэм IэщIэкIащ бажэр, и гъуэм ипкIэжащ.

- Хэт нэхъ и фIыгъэ хьэм сыкьыззэрыIэщIэкIар? - гъуэм здисым йогупсыс бажэр.

- Си нэ цIыкIуртI, фэ сыт кьысхуэфщIа?

Нэхэм жалащ:

- Хьэм дытеплъэкъуклаеьхьэм. Дэр мыхъуамэ, ущхьэрыуэнтэкъэ?

- Тхьэр арэзы кьыфхухь у, си нэ жанитI.

И лъакъуэхэм еупщIащ бажэр:

- Фэ сыт кьысхуэфщIар?

- Дэракъэ хьэм укъыIэщIэзыхар, - жаIащ лъакъуэхэм. - Хьэр кьыпщIэдгъэхьакьым, укъыIэщIэтхащ.

- Фэрэ Тхьэр арэзы кьыфхухьу, - жиIащ бажэм. - КьысхуэфщIар сщыгъупщэнкьым.

И тхьэкIумэхэмэ еупщIащ.

- Фэ-щэ. Фэ си хьэтыр кьэфльэгъуакъэ?

- ЩакIуэм уи уиж кьриутIыпщхьа хьэм и банэ макъыр япэ зэх эзыхар дэракъэ! Улгъэблэзрыгъакъым, - жаIащ бажэм и тхьэкIумитIым.

И кIэ бацэми еупщIащ бажэр:

- Си кIэ бацэжь, сэбэп сытпI? укъыстхуэхьуа уэ?

- Зыдумысжьыщи, сынокъэушэжкIащ, - жиIащ бажэм и кIэм. - Пыжь банэм зыкIэрысщIэуэрэ, хьэр кьыпщIэзгъэхьэ пэтащ.

- Ара кьысхуэпщIар?

- Араущ. Уи гуэныхь кьэсхьащ. Хьэр си зэранкIэ кьыпщIыхьамэ, узэпкъриудатэкъэ. Мес, хьэжьыр гъ уащхьэм тесщ. Умыбзэрыгъ.

- Уэ пху эфI сыхъунщ. Хьэм себгъэубыд пэтащ. - Бажэм и кIэр гъуэм кьришинкIри, хьэм кьеджащ. - Мэ, хьэжь, мы си кIэ бацэр уи хьэлэщ, пычи, шыу.

И кIэр гъуэм кьыщIришинкIым, хьэм иубыдри, бажэр гъуэм кьрипльэфащ.

Щхьэ пфIэтамэ

«ЗЫ ДЫГЪУЖЬ кьэзукIынщи, и фэр джэдыгу схуэхъунщ!» - жери щакIуэр мэзым щIыхьащ, мащэ кьитIри абы ли Iыхьэ иридзащ. Блэжрэ пэт дыгъужьым лымэр къащIихьащ. Дыгъужьыр ныбаджэти, лым блэкIыфакьым: щыкIэтлъыIэбэм мащэм ихуащ. Мащэр куути, кьикIыжьыфакьым дыгъужьыр - кьинащи, мэгъынанэ: «Емынэм сызэримы- хуэмэ, мащэм сеIэбхьынтэкъым».

Бажэр кьрихьэлIащ.

- Хуэзэр кьыпщIыщIа, дыгъужьыжь! Мащэм уиIыхьынкъэ иджы! - жиIащ бажэм.

- СумыгъэлIыхь, бажэ щIыкIу, - тхъэмыщкIафэзытригъэущ дыгъужьым. - Зыгуэр кьысхуэщIэ.

- Сыт пхуэсщIэнур?

- Уи кIэ бацэр къэший: дзапэкIэ субыдынщи, мащэм сыникIыжьынщ.

- Щыгугъ абы! - жиIащ бажэм. - Си кIэр нэсшиих ис мащэм. - Ар жери, бажэр мэзым хэлъэдэжащ.

ТхъэкIумэкIыхьыр кьрихьэлIащ итIанэ.

- Си псэр зыщхьэ тхъэкIумэкIыхь цIыкIу, мы мащэм сынипхыжатэмэ, пхуэзмыщIэн щыIэтэкъым. Си хьэтыр кьэльагъу, гущIэгъу къысхуэщI.

- ГущIэгъу зыхуащIым ухуэдэкъым уэ! - жери тхъэкIумэкIыхьым IуиигъэзыкIыжащ.

Шыдыр хъуакIуэурэ мащэм щхьэщIыхьащ. Дыгъужьыр гъыуэ щильъагъум, фIэгъэныхь хъуащ.

- ЩхьэгурэI, дыгъужьыжьжь?

- Сыгъынкъэ: сыбэлэрыгъри мащэм сихуащи, щакIуэр кьэсмэ, мащэм сриукIыхьынущ. Си хьэтыр кьэльагъу, - жиIащ дыгъужьым. - Мащэм сынипхыжьмэ, пхуэзмыщIэн щыIэкъым.

- Дауэ хъуызэрисхыжьынур?

- Уи пэр зэхьэнпшиймэ, зэпжкIэ субыдынщи, сыникIыжьынщ.

И пэр ишийри, шыдым дыгъужьымращэм кьришьжащ.

Мащэм кьикIыжа нэужь, зэсэбауэри, дыгъужьыр шыдым пэтIысащ, и дзэр зэригъэшхуэ.

- Иджы сыт узыхуейр? - жиIащ шыдым.

- Сызыхуейр пщIэркъэ: усшхынущ.

- Мащэм укъыззрисхыжаращ сыщIэпшхынур?

- Уделэти, сыкъынпхыжащ. ЩхьэпIэтамэ, сыкъынпхыжынтэкъым, - жиIащ дыгъужьым, шыдыр фIибзри, мэзым хьхьэжащ.

ТхъэкIумэкIыхь кIагуэ

БЖЬАХЪУЭ пщыIэм техьэри, мыщэм зы бжьэматэ ирихьэжьащ.

- ФокIэ сытхъэжьынущ! - гуфIащ мыщэр, бжьэматэр мэзым щIихьэри, жьажьэр щхьэрихащ. Жьажьэр щыщхьэрихьым, матэм бжьэр кьиуащ. Бжьэр кьеуэ щихъум, жьажьэр матэм щхьэрипIэжри, мыщэм и щхьэр щIихьащ. Жыг къуагъым кьыкъуэувауэ, ар бажэм ильэгъуащ. Абыи и гуры-Iупсыр кьажэрт: «Фо хьэкIуэ сихащэрэт!» - жери. Бжьэм ящыпынэрти, бжьэматэм ирикуртэкъым бажэм. ТIысауэ зобэдзауэ: «Бжьэматэ жьажьэр щхьэрызыхьым зы делэ зIгъэтатэмэ, сытхъэжьынт». Зэбэдзауэурэ, дыгъужьыр игу кьэкIыжащ.

- «Дыгъужь делэр къэсшэнщи, бжьэматэм жьажьэр щхьэрезгъэхынщ», - жиIащ бажэм, дыгъужьыр кьитIуэтри бжьэматэм и гугъу хуищIащ. Дыгъужьыр гуфIащ: «ФокIэ зыстIыжьынущ! - жери.

- НакIуэ, сыгъэлъагъу бжьэматэр.

Бажэм дыгъужьыр бжьэматэм бгъэдишащ.

- Мис, фор хьэлэл пхухъу! - жери бажэр IукIуэтащ. Жьажьэр щыщхьэщиудым, бжьэр кьиурри, дыгъужьым епщIащ, абы и щхьэр щыщIихьэм, бажэм фокIэ зигъэтхъэжащ.

ФокIэ зигъэнщIри, бажэр екьэжащ, тхъэкIумэкIыхьыр къыщрихьэлIэм, бжьэматэм и гугъу хуищIащ. Фо игу кьихьати, тхъэкIумэкIыхьым кьыдидзыхащ, ар бжьэматэм иригъэтIысылIэри, бажэр мыщэм деж жащ.

- ЩIэхьыу унэмысмэ, тхъэкIумэкIыхьым фор IэщIэуэнущ, - жриIащ мыщэм.

Мыщэр жэрыгъэкIэ кIуэмэ - тхъэкIумэкIыхьыр фом щхьэщысщ, и пэр матэм ириIууэ.

И пэр и льэдакъэпэм нэсыжауэ, мыщэр я пщыIэм техьэжащ.

- Емынэр ди ужь кьихьащ, - жиIащ мыщэм, дыгъужьымрэ кхъуэпIащэмрэ я деж нэсыжри. - Мы куейм диих щыIэжкъым дэ: фи щхьэр щIэфхьи, льэпкьыуэ зевгъэз.

Я щхьэр щахьэри, мыщэр, кхъуэпIащэр, дыгъужьыр мэзым щIэльэдэжащ, джэдум афIэкIаи зыпэщIагъэхуэжакъым.

Хьэтыршэм хуэфащэр

МЭШЫХщыIати, и плIэм кьэп нэщI едзэкIауэ кьыздэкIуэжьым, мэкъумэшыщIэм и пащхьэ дыгъужь кьиубгъдащ.

- Си хьэтыр кьэтъагъуи, уи кьэпым сигъапщхьэ, - кьеплъIуащ дыгъужьыр.

- Си кьэпым уихуэрэ уэ?

- Сихуэнущ, - жиIащ дыгъужьым. - Гуэзвэгъуэ сыхэхуащ, уи кьэпым сумыгъапщхьэмэ, кIэ згъэзэтынущ.

- Кьыпщхьэ-тIэ, гуэзвэгъуэ ущыхъуакIэ уи хьэтыр сльагъунщ.

Дыгъужьыр кьэпым иригъапщхьри, мэкъумэшыщIэр кьежьэжащ. КьыздэкIуэжьым щакIуэ я кьрихьэлIащ.

- Дыгъужь кьыпIэщIэмылъэгъуауэ пIэрэ? - кьеупщIащ щакIуэр.

- Сльэгъуакъым, - пщIы нупсащ мэкъумэшыщIэм.

- НтIэ уи кьэпым иплIэр, дыгъужь?

- Хущ, мэшых сыкъокIыж.

- Мэшых укъыкIыжмэ, гъуэгу махуэ. Зы дыгъужь нобэ гъандэм сощэри, и гъэужь сытехьэркъым. Кьыслэрыхьамэ, и джабэр щIэзудынут: мэл хъущэм ныхьыхьэри, зы гъэтъэхъу фIибзащ, - жери щакIуэр ежьэжащ.

Нарт зэкъэушхэр.
Сурэтыр **СэвкIуий Хьэмид** *ищIащ.*

ЩакIуэр щхьэщыкIа нэужь, мэкъумэшыщIэм кьэпыр иригъэувэхащ.

- КьынкIи, лъэныкъуэ зегъэз. ЩакIуэр пщхьэщыгъэкIащ, - жиIащ мэкъумэшыщIэм.

Кьэпым кьинкIри, дыгъужьыр мэкъумэшыщIэм пэтIысащи, и дзэр зэрергъэшх.

- Сыт иджыри узыхуейр? - жиIащ мэкъумэшыщIэм.

- Усшхынущ, - жиIащ дыгъужьым. - Араущ сызыхуейр.

- ЩакIуэм пщIы хуэзупсри, укъезгъэлащ. Ара сыщыпшхынур?

- Уделэти, сыкъеблгъэлащ. УзэрыдеIэращ ущIэсшхынур.

- Ухьэтыршэ гуэри уе сльагъур. Напи гущIэгъуи уиIэкъым.

Абы нэсауэ, бажэр кьрихьэлIащ.

- Сыт фхуэзрымыгъэгушыр? Щхьэ фызэщыкIыта?

- Си кьэпым изгъапщхьэри мы дыгъужьыжьыр щакIуэм кьезгъэлати, «усшхынущ» жери кьысIэпшIащ.

Бажэм кьыгурыIуащ Iэхур зытетыр.

- Пхуэфащэщ, уншхми, - жриIащ мэкъумэшыщIэм.

- Сыт щыхуэфащэр?

- Пщы боупсри, аращ щIыпхуэфащэр, - жиIащ бажэм.

- Супсыркъым. И фIэщ мыхъумэ, езым еупщI.

Бажэр дыгъужьым еупщIащ:

- Пэж мыбы жиIэр?

- Пэжщ, - жиIащ дыгъужьым. - И къэпым сригъапщхьэри, щакIуэм сыкъыIэщIихащ.

- Эр зи инагъ инуэрэ мобы и къэпым? Си фIэщ хъуркъым.

- Уи фIэщ хъу-мыхъуми, сихуащ. Сэ схуащIа хъэдэщ мыбы и къэпыр.

- Ар пэжмэ, кьэпым иджыри зэ ипщхьи, сыгъэльагъут, - жиIащ бажэм.

- Кьепль, - жери дыгъужьыр кьэпым ипщхьащ.

- Пэжи жыпIэр, дыгъужьыжьь. Пщы бынпс си гугъати, - жиIэурэ бажэм кьэпыщхьэр ипхащ. - Ауэ, кьэпым нукIыкI мы дыгъужь напэшэр. - Ар жери, бажэм IуигъэзыкIыжащ.

МэкъумэшыщIэм дыгъужьыр бжэгъу цIыкIэ нубэрэжьащ.

Лъэныкъуэ зевгъэз

ДЖЭДУР губгъуэм ихьэри, пщыIэ щыхисащ, бжэIупэм пхъэлъантхъуэ Iуигъэуващ. Зы теуэгъуэ хуэдизкIэ гъунэгъу зыкъыхуащIри, мэз лъапэм щетIысэхащ мыщэр, кхъуэпIащэр, дыгъужьыр. Щыри ныбаджэщ.

- Ди гъунэгъуи ди хьэтыр кьилъагъункIэ мэхъу: джэдум деж тхуэкIуи, дызэдзэжьэн гуэр кьытхуелых, - жари дыгъужьыр яIуэхуащ.

Джэдум и пщыIэм техьэри, дыгъужьым жиIащ:

- Гъунэгъу хабзэщ: дызэдзэкъэн гуэр кьыдэт - мыщэри, кхъуэпIащэри, сэри дыныбаджэщ, тхъэмахуэм щIигъащи, ди джийм дзэкъэгъуэ ехакьым. СыткIэ укъытхуэупсэн?

- Мо пхъэлъантхъуэм дыгъужь кIэбдз фIэтыщи, у зот, зыгу эр кьыфхуищIэнщ, - жиIащ джэдум, пщыIэм кьыщIэпIъри.

- Уэ дыгъужьыл пшхырэ? - и нэр кьих уащ дыгъужьым.

- Дыгъужьыли си мыхьэмышхкьым, - жиIащ джэдум.

Ар щыIэхихьм, дыгъужьым кIэбгъу зищIыжащ.

- Хьэтыршэщ ди гъунэгъур, - жиIащ дыгъужьым мыщэмрэ кхъуэпIащэмрэ яхьыхьэжри.

- Уэ кIуэ, уи хьэтыр кьилъагъ ункIэ мэхъу,- жери мыщэм кхъуэпIащэр иутIыщащ.

Джэдум и пщыIэм техьэри, кхъуэпIащэр джащ:

- Джэдуужь, дыIэдзэкъэн гуэр кьыдэт, - жери.

ПщыIэм кьыщIэкIри, джэдум жиIащ:

- КхъуэпIащэ дзажэ фIэльщ пхъэтъантхъуэм, ар фызот.

- КхъуэпIащи уи шхынигъуэ?

- Си шхынигъуэщ: срихьэлIауэ сыблэкIыркъым.

«Мыбы сыIэщIэкIуэдэнущ!» - жери кхъуэпIащэм IуигъэзыкIыжащ.

- Уэри уи хьэтыр кьилъэгъуакъэ? - кьеплъащ мыщэр.

- Нэхъ хьэтыршэ срихьэлIакъым мы мэзым сызэрыщIэсрэ, - жиIащ кхъуэпIащэм.

- Си хьэтыр кьилъагъункIэ хьунщ, сэ сыкIуэнщ, - жери мыщэр екьэжащ, джэдум и пщыIэм техьэри джащ. - Уа, джэдуужь, тхъэмахуэ хьуауэ дыныбаджэщ, дызэдзэкъэн гуэр кьыдэт, уи пщIэ ттекIуэдэнкъым.

- Фэ фрэзмытмэ, хэт есын: мо пхъэ лъантхъуэм мыщэ жэрумэ фIэльщ, зыгуэр кьыфхуищIэнщ, - жиIащ джэдум.

- Уэ мыщэ ли пшхырэ?

- Дыгъужьылрэ кхъуэпIащэлкIэ зызгъэнщIа нэужь, мыщэл тызошхьыхьыж, - жиIащ джэдум.

И псэр и льэдакъэпэм нэсыжауэ, мыщэр я пщыIэм техьэжащ.

- Емынэр ди ужь кьихьащ, - жиIащ мыщэм, дыгъужьымрэ кхъуэпIащэмрэ я деж нэсыжри. - Мы куейм диих щыIэжкъым дэ: фи щхьэр щIэфхьи, льэныкъуэ зевгъэз.

Я щхьэр щахьэри, мыщэр, кхъуэпIащэр, дыгъужьыр мэзым щIэльэдэжащ, джэдум афIэкIаи зыпэщIагъэхуэжакъым.

Зэгурыlуэныгъэр фlыгъуэ мылъытащ

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекlуэкlащ зэгуащlэ гъэщlэгъуэн. Артеухуат лъэпкъ куэд, щэнхабзэ, дин зэмылlэужьыгъуэхэр къыщыхъеящ зэгурыlуэф къэралым и зыужьныгъэм щыlэныгъэ (толерантность) жыхуэтlЭм мыхьэнэуэ щlэм. Зэгуащlэр къыхэрагъэпэщащ КъБР-м и Жыларгъуэхэр палатэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым хыхьэ Социально-гуманитар институтым и лъжьакlуэ хэмрэ. Абы кърихьэлlат Жыларгъуэ палатэм и унафэщlым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ.

ЗЭГУЩlЭР иригъэкlуэкlащ Жыларгъуэ палатэм и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщlыр Нэхущ Заурбий. Къыхэхуэсахэм я пащхьэ доклад щащ щlащ СГИ-м и унафэщlыр Мамсыр Хьэмидбий, тхыдэмкlэ кафедрэм и егъэджакlуэ Апажэ Еленэ, доцент Щоджэн Мурат сымэ. Къэпсэлъахэм кьыхагъэщащ щlэблэм ныкlэныгъэ яхэлъу гъэсэным мыхьэнэшхуэ зэриlэр. Абыкlэ жэуапльныгъэшхуэ я пщэ кьыдохуэ адэ-анэми, егъэджакlуэми, гъэсакlуэми.

Шы Iэныгъэм и кьежьапlэр къаугрыlуэн папщlэ, Мамсырым кьыхэзыхуэсахэм я пащхьэ ирилъхьащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я зыужьныкlэм и лъагагъыр, адрейхэм кьащхьэщыкlыу зэрыщыта щыкlэхэр: щэнхабзэ зыбжанlэ кьызэдгъэуэгурыкlуэу, зэдзпсэуэу, зэгурыlуэу зэрыщытар, абыхэм я гъащlэм урыс культурэр хэпща хьуа иужькlэ, хэщlыныгъэшхэу ямыгъэту лъэпкъ щыкlуэхэм я щэнхабзэм и гъащlэр зэрекlуэкlа щыкlэр. Абы щыгъуи ди лъэпкъым къыдэгъэгурыкlуэ хьэлхэм ящыщщ бэшэчагъыр, шы Iэныгъэ пхэлъу нэщlыкъэр ищlыгъэ.

Гъуазджэжэмкlэ Кавказ школым, еджапlэ нэхъыщхьэм анэдэлъхубзэм щыхухах сыхьэт бжыгъэкъэ нэ хъ мащlэ хьуащ. Апхуэдэ щытыкlэм хэкlыпlэ тэмэм кьыхуэгъэуэтыкъэ псоми ди кьалэн нэ хьышхьэщ, - кьыхитъэщащ Кьалмыкъым.

А гупсысэм игъэпlейтеiуэ псалъэмакъым кьыпищащ «Щыхум и хуитныгъэ хэм папщlэ» центрым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщlЗхэтэжькlуэ Валерэ. Абы зэрыжиlамкlэ, адыгэхэм, балъкъэрхэм, урыс хэм я зкуакъ зэпэщlэзэвэныгъэшхуэ дэлъкъым. Ауэ мыхьэнэ зимыlэ зэгурымыlуэныгъэ гуэр сэтей кьэхуэ нужькlэ, ар кьызытехъукlа щхьэусыгъуэр икlэщlыпlэкlэ кьэхутэн хуеищ, абы унафэ тещlыхьыпхъэщ Iэхуэр куу мыхъу щыкlэ, армыхъумэ щапхъэ куэд щыlэщ апхуэдэ Iэхуэгъуэхэр къару щхьэусыгъэм я мурад фlейкlэ къагъэсэбэпу.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди къэралым гъэзэщlа щыхъуркъым лъэпкъэр хьумэным хуэгъэпса хабзэхэр. Урыс Федерацие хуеиныкъым лъэпкъ мащlэхэм и хартиер кьищтэну. А щытыкlэр зэщlэмыплъэу куэдрэ щытыныкъым, ар егъэфlэкlуэным дытемылажьэмэ, - жиlащ Хьэтэжьыкъуэм.

Зэгурыlуэныгъэ кьыщыпсэлъэхэщ диным и дзэкъакlуэхэу Амщокъуэ Анжедэрэ Самохин Михаилрэ. Абыхэм кьыхагъэщащ мы дунейм зы дин лlэужьыгъуэ зэрытемытыр щыlэныгъэм, зэрылытэныгъэм кьыхуримыдджэу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджырей щlалэгъуалэм диныр зэрыщымыту куэдрэ къагуроIуэ. Абы и пlэныкъуэкlэ гъэзекlуэныгъэшхуэ егъэзекlуэкlын хуейщ.

Гуныпхтэ зыхуэщlыпхъэу кьыхъагъэбелджылыкlаэр (аэрэ къанэ щымыlэу щыщэхуэхъэсащ «Зэгущlэм къищта чэнджэщэгъэр» проектым) зэгущlэм и кlэухым кьыщlэщlакъуэжащ. Зэрелажьэныр щыкlэр яубзыхуэ щlэныгъэ, ахэр зи кьалэн Iэхъущlапlэхэм зыхуагъэзэну зэгурыlуащ.

ЩОДЖЭН Аминат.

● ЗэгущlэхэР

«Нурым» ● ЩIэ и епщlанэ къыдэкlыгъуэр

Илъэс 30 ирокъу «Нур» сабий журналым къыдэкlын зэрыщlидзэрэ, Мы гъэм и епщlанэ къыдэкlыгъуэр нэхъ зытегъэпсыхьари араща.

КъЫДЭКlЫГЪУЭР къызэIуех КIыщокъуэ Алимрэ Пащlэ Iэмырзэрэ я уэсхэмкlэ. Адэкlэ зэкlэлъкlыжьыу тетщ Елбэрд Хьэсан, Хьэхъупащlэ Амырхъан, Жаным Борис, Нало Заур, Щоджэнщlыкlу Алий, Щомахуэ Амырхъан, Щоджэнщlыкlу Iэдэм, КIуащ БетIал сымэ щlыкlухэм папщlэ ятхауэ щыта уэсхэр.

«Нарт Дзэгъащтэрэ щауэмрэ» - аращ зэреджэр нарт эпосым къыхихыжу Къэрмокъуэ Хьэмид сабийхэм папщlэ итхыжа хъыбарым.

Журналым тетщ унагъуэ псэущхьэхэм я зэдауэм теухуауэ Уэзы Мухьэмэд прозэу итха «Жэмыр, мэлыр, шыдыр» баснэр.

Адыгэ IуэрыIуатэм щыщу Джыназ Нурбий игъэхьэзыра «Тхъэрыкъуэмрэ Ищхъэрэ институтым и профессорАхьуажъу Еленэ зэрыжиламкlэ, 1985 гъэм Париж кьалэм кьэралыгъуэ 180-м и щыщlадзащ шы Iэныгъэм кьыщыхьэхэ. Урысей Федерацэм 2000 гъэм кьыщыщlэдзауэ зи гугъу тщlы шы Iэныгъэм екъэлlа Iуэхугъуэхэр иregъэкlуэкlэ.

- Зэгурыlуэныгъэр фlыгъуэ мыхьитэщ, Дэтхэнэ щыхьми и лъэпкъ щэнхабзэр иныгъыу, и тхыдэм щыгъуэзэу псэумэ, кьэзыкъуэрегхь лъэпкъхэми апхуэдэу яхущытмэ - араща зэрылытэныгъэр, - жиlащАхьуэхъум.

Зэгущlэм хэтахэм гъэщlэгъуэн щыщlэныгъэ, гъэгъуныгъэ, зэрылытэныгъэ яхэлъу къэгъэхъун папщlэ, лъэпкъ хабзэм щlэпlыкlыныкlэ хуеищ. Абы кьыдэкlуэу анэдэлъхубзэр ящlапхъэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къэрал егъэджэныгъэмкlэ къэрал стандартыщlэм кьытхуишараща - **ЩОДЖЭН Аминат.**

● Спорт

Урыш Анзор Европэм и Кубокыр къехь

Спорт бэнэкlэмкlэ Европэм и Кубокыр къэхьыныр теухуа гуп зэпеуэ иджыблагъэ Мэзкуу щекlуэкlащ. Абы текlуэныгъэр къыщыхьащ ди лъахэгъу Урыш Анзор.

БЭНЭКlЭ хитымкlэ зэпеуэм и финалым Урысей Федерацэм и команд кьыхэхар Азербайджаным щыIущlат. Абы ди щlалэр зэ 1:3-уэ къыщыхагъащlэрт икlи зы зэIущlэ закъуэ фlахьэхужмэ, хьэрхуэрэгъуэм дыщlэ медалэр ялысынут.

Алхуэдэ щытыкlэ гугъуэм ихуа гупым дэIэпыкъуну хуабжьу щыгугъыу УФ-м и командэ къыхэхам и тренерхэм утыкум кьрагъэхьащ Урыш Анзор. Ихь жэуаплныгъэр егъэлеяуэ зэрыиныр ди лъахэгъум зыхищlащ икlи килограмм 84-рэ зи хьэлъагъ Темрезов Наурыз тридзэрэ, гугъэр кьигъэщlэрэщlэжащ. Абы игъэгушхуэ адрей щlалэхэри кьикlуэтакъым икlи, икlэм-икlэжьым, Азербайджанэр 4:3-уэ хагъащlэри, Европэм и Кубокыр кьахьащ.

Ныбжьыщlэхэм я зэпеуэ

Урысей Федерацэм Iэпщэрыбанэмкlэ и зэпеуэ ныбжьыщlэхэм Орел къалэм щрагъэкlуэкlащ.

Къэралым и щыlэ 23-м икIа спортсмен 140-м щIигъу зэхьэзэхуэм хэтащ. Абыхэм къьхэжжаныкIаш Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щlалэхэр.

Хьусин Руслан текlуэныгъэр къыщихьащ килограмм 70 зи хьэлъагъэм ирагъэкlуэда зэпеуэм. Абы зыкъыкlэригъэхуэхьым Бесльэней Нурмухьэмэд. Килограмм 75-рэ зи хьэлъагъэм я зэхьэзэхуэм ди лъахэгъум къыщыпlэщlын къьхэкlакъым. А гуп дыдэм жэз медалыр кьыщыпlысащ Тенджиев Арсен.

Зи гугъу тщlа щlалэхэр и гъэсэнщ Мамхэгъ Iэдэм. Аращ зыкъомкlэ зи фlыгъэр мы зэхьэзэхуэм ди республикэм медалиш зэрыщызыIэрикlыр.

ХЬЭТАУ Ислам.

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩIэрыщIэу хоплъэж

КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм я Уголовнэ Iухуэхэмкlэ и коллегиер арэзы тезыхьакlым Наллык къалэ судым Ушаковэ А. В. егъэщIылIауэ ищIа унафэм. Къэралым и цIэкlэ ар зыгъэкъуаншэм кьыхэзыригъэувам тету, а уголовнэ Iуэхум судыр щlэрыщlэу хэпльэжьнущ.

2011 гъэм бдзэуэгъуэм и 12-м Наллык къалэ судым кьыщта унафэм ипкъ иткlэ Ушаковэ А. В. хейуэ хагъэкlащ. Ар ягъэкъуаншэрэ наркотикхэр хабзэншагъэкlэ зэрызригъаkIуэмкlэ.

Арщхьэкlэ судым и унафэмкlэ мыарзэныу прокурорыр кьэуващ. Иджы, итэкlэ зэрыкьыIащи, Ушаковэ А. В. и Iуэхур аргуэру зэхагъэкlынущ.

ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Хьэгуцыр.

Iулъхьэ зытхэр

КъБР-м и хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм лэжьыгъэ пыухыкlахэр ирагъэкlуэкlI Iулъхьэ къеIызыхъэм ящlащIэтыным хуэгъэзауэ.

МЫ ЗЭМАНЫМ следователхэр хоплъэ апхуэдэ Iуэхуэитхум. Ахэр нэхъыбэу зэгъэщIылIар еджакIуэхэм ящlащlэ зэрыхуагъэувам папщIэ Iулъхьэ къыIахауэ зыхуагъэфащэхэрщ.

Iулъхьэ зытахэу цIыху 24-м уголовнэ жэуапыр щхьэщхащ зи гугъу тщIы щIэпхъэджагъэр зэралэжьыкlэ сзыхэм зэрызэаумысижам къыхэкlыу.

КъБР-м и прокуратурэр Iулъхьэ ятыну е къыIахыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм щыгъуазэ щIыхуэхэм йолъэIу икIэ-хуитныныгъэ хабзэхъумэ органхэм зыхуагъэзэну: КъБР-мкIэ МВД-м (Наллык къалэ, Куливым и уэрам 10, телефонхэр: 02; 49-50-52), Урысейм КъБР-мкIэ и УФСБ-м (Наллык къалэ, Ленициным и проспект, 4, телефоныр - 48-15-81, Урысейм и СК-м КъБР-мкIэ и СУ-м (Наллык къалэ, Ленициным и проспект, 36, телефоныр - 77-64-22), КъБР-м и прокуратурэ (Кулиевым и проспект, 16, «линие пщытырым» и телефоныр - 40-45-51, электрон хэщIапIэр - prokuratura-kbr@mail.ru.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Къызэрагъэсэбэпынум хуэхьэзырт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм къэлъыхьуэныгъэ Iуэхугъуэхэр щрагъэкlуэкlа, «Бахъсэн - ПсыкIэху» автомобиль гъэгум и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ метр 500-кIэ пэIэщIэу Iэщlэ гъэтIылыпlэ къыщlагъэтащ.

Литри 7 - 8 зэрыхуэ кумбыгъэм щагъэпщкIуат Ф-1 гранатэу 2, РГО гранати 2, 5,45 мм калибр щхуэ 21-рэ, УДЗ запали 2, электродетонатори 4. Кьыщынэмыщlауэ, къызэрагъэсэбэпынум хуэхьэзыр къагъаеу Iэрыщl Iэмэпсымэ абы илъащ. БгъэIэпхъуэну щынагъуэ зэрыпылтым къыхэкlыу, а псори къыщlагъэтам и дежкlыщагъэуащ.

КъБР-м и Хабзэхъумэ Iнатlэхэм зэдай хъыбарегъащlэ центр.

Хъыбарегъащlэ

Кайтаев Исмэхьил-хьэжьмэ адыгэбзэкlэ къыдигъэкlа «Дыу» тхытыр пощтым и къудамэ псоми щащэ. Абы ущыщlэупщlэ хьунущ мы телефонымкlэ: 8-928-717-52-51.

Правоохранительными органами по Кабардино-Балкарской Республике за совершение убийств, посягательств на жизнь сотрудников правоохранительных органов и других тяжких и особо тяжких преступлений, разыскиваются 44 жителя КБР, находящихся в международном и федеральном розыске.

УМВД РФ по г.Нальчик - 11

1. **Малкаров Ахмадья Салухович**, 03.12.1970 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, п. Хасанья, пер. Майский, 21.
2. **Джангуразов Хаким Муратович** 20.12.1977 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, п. Хасанья, пер. Майский, д.13.
3. **Кушхов Мурат Баширович**, 17.04.1977 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, п. Кенже, ул. Катханова, 66.
4. **Техажев Залимхан Мухамедович**, 04.10.1981 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Гагарина, 170/127.
5. **Шогенов Хадис Борисович**, 14.11.1976 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Чегем, ул. Октябрьская, 204.
6. **Мурзабеков Заурбек Мухамедович**, 07. 08. 1977 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Кирова, д. 331, кор. 13, кв. 38.
7. **Абидов Замир Амдулахович**, 27.08.1972 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Шалушкинская, д. 1, общ.
8. **Мирзоев Асланбек Атабиевич**, 16. 07.1977 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Парижская Коммуны, 137.
9. **Сижажев Ахмед Олегович**, 10. 04.1982 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Карашаева, 102 «А»
10. **Татчаев Тимур Валентинович**, 01.03.1981 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Гагарина, 34/12.
11. **Шамаев Азпарух Асланович**, 27.11.1990 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, д.46 «Б».

ОМВД РФ по Прохладненскому району - 1

12. **Загаштоков Аслан Казбекович**, 27. 12. 1987 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, с. Баксаненок, ул. Баксанская, 73.

МО МВД РФ «Баксанский» - 11

13. **Касаев Артур Мухамедович**, 28. 04. 1975 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, Казбурун-3, ул. Кирпичная, 79
14. **Мишхожев Руслан Мухамедович**, 26.04.1991 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Баксан, ул. Калмыкова, д. 53, ул. Угнич, д. 9, кв. 17.
15. **Лампежев Алим Морисович**, 15. 12. 1986 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Баксан, ул. Фрунзе, 1/17.
16. **Цагов Анзор Султанович**, 07. 09.1971 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, с. Дугулубгей, ул.Баксанская, д. 17.
17. **Тутов Залим Хасанбиевич**, 07. 02. 1984 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Баксан, ул. Лермонтова, 19.
18. **Ляужев Тимур Асланович**, 17.05.1988 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г.Баксан, ул.Карачаева, д.158.
19. **Гукетлов Тенгиз Исуфович**, 03. 07. 1983 г.р.,зарегистрирован по адресу: КБР, с.Кенже, ул.Ахохова, д. 1, прож. г.Баксан, ул Иванченко, д. 2.
20. **Берхамов Астемир Мусович**, 02. 12. 1989 г.р., зарегистрирован по адресу: г. Баксан, ул.Чемазокова, д. 27.
21. **Казанов Марат Валерьевич**, 05. 01. 1988г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, с. Дугулубгей, ул. Цагова, 156.
22. **Жанов Ислам Асланович**, 20.02. 1991 г.р. зарегистрирован по адресу: г. Баксан, ул. Бижаева, д. 107, паспорт 8306 №763780 от 15.07. 2006, выдан Баксанским РОВД.
23. **Березгов Залим Анатольевич**, 28.11.1990г. зарегистрирован по адресу: г. Баксан, ул Шогенцукова, д. 86, паспорт 8306 №763756 от 14.07. 2006, выдан Баксанским РОВД.

ОМВД РФ по Зольскому району - 1

24. **Озов Музарин Аликович**, 15.04. 1982 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Баксан, ул. Дымова, д. 23.

ОМВД РФ по Лескенскому району - 1

25. **Бабочиев Игорь Казбекович**, 02.01.1973 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Северная, 18/58.

ОМВД РФ по Эльбрусскому району - 5

26. **Беккаев Аслан Назирович**, 31. 05. 1971 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, п. Эльбрус, д.1, кв.25.
27. **Беккаев Руслан Назирович**, 09. 02. 1967 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, п. Эльбрус, д. 1, кв. 25.
28. **Атмурзаев Буаджигит Хасанович**, 25. 06. 1979 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, с. Кенделен, ул. Бештокова, 10.
29. **Батырбеков Руслан Иосифович**, 03.10.1980 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, г. Тырныауз, ул. Автагаражная, д.1, кв.4.
30. **Хандохов Арсен Хажмусович**, 15. 06. 1973 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, г.Тырныауз, пр. Эльбрусский, 8/52.

ОМВД РФ по Черекскому району - 6

31. **Жанимов Алим Хасанбиевич**, 01. 02.1978 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, с.Кызбурун-3, ул.Пушкина 7, проживал по адресу: КБР, Черекский район, с. Нартан, ул. Клишбиевская, 30.
32. **Жириков Аслан Аниуарович**, 13.12.1976 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Черекский район, с. Шалушка, ул. Северная, 76.
33. **Жириков Арсен Аниуарович**, 15. 09. 1974 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Черекский район, с. Шалушка, ул. Северная, 130, д. 76.
34. **Биттиров Эльбрус Хизирович**, 15. 08. 1970 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Черекский район, с. Черек-2, ул. Степная, 47.
35. **Хамуков Тимур Валерьевич**, 20. 12. 1984 г.р., зарегистрирован по адресу: г. Нальчик, ул. Ватутина, 10/4.
36. **Хамуков Мурат Валерьевич**, 18. 04. 1980 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Ватутина, 10/4.

ОМВД РФ по Черекскому району - 4

37. **Занкишиев Алим Рамазанович**, 08. 03. 1982 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Черекский район, с. В. Жемтала, ул. Центральная, 62.
38. **Бозиев Зейтун Махтиевич**, 23. 10. 1982 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, Тырныузский пр-д, 10/32, проживает по адресу: КБР, п. Хасанья, пер. Дачный, 1.
39. **Каркаев Артур Магомедович**, 10. 07. 1985 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, пос. Кашхатау, ул.Уянаева, д. 61.
40. **Жангуразов Ислам Салихович**, 24.10. 1986 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, с. В. Жемтала, ул. Моллаева, д. 2.

УФСБ РФ по КБР - 4

41. **Шекихачев Тимур Анатольевич**, 19. 08.1972 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, с. Дейское, ул. Мальбахова, д.135, кв. 3.
42. **Кавдинов Рафаэль Анатольевич**, 29.10. 1980 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, с. Терекское, ул. М. Терек, б/н.
43. **Алхасов Антемиркан Анатольевич**, 07.03. 1985 г.р., зарегистрирован по адресу КБР, г.Чегем, ул.Школьная, д. 148.
44. **Кансаев Хасан Ибрагимович**, 05.11. 1990 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Чегем, ул. Набережная, 1 кор. «А», кв.1.

Уважаемые жители Кабардино-Балкарской Республики!

Если Вы располагаете информацией о месте нахождения указанных лиц, совершенных или готовящихся преступлениях, просьба на условиях строгой конфиденциальности звонить по следующим телефонам: ***Дежурная часть МВД по КБР: 40-49-10; 49-53-02, Управление организации оперативно-розыскной деятельности МВД по КБР: 47-65-82, 49-52-62; 49-51-32, 49-50-06.***

За предоставление информации в отношении разыскиваемых лиц, назначено крупное денежное вознаграждение. Полная анонимность гарантируется.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦIМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжькъаро Алик.**

Къыдэдзыгъэкlыжмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкlы.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Наллык къалэ, Ленициным и уэрам, 5, епщlанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 47-22-63, 42-57-59; щlэныгъэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлажьэныкlэ - 42-60-53; къыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэтхэным - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъмкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкlэр зэтехуэ зэпыту щытыкlым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынщи и щlэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хутныныгъэр хуэмыныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlынальэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.

КъБР, Наллык къалэ, Ленициным и цIэкlэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редакторыр Жылаев Маритэ, корректорхэр Щхьэцымышl Иэ, *(3, 4, 5-нэ нап.)*, Пхытlыкl Юрэ *(1, 2, 6-нэ нап.)* корректорхэм я дэлэныкъуэгъу Мырзэкан ФатIимэ, *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.553● Заказ №3849